# TRADHISI ANDUM BERKAH BOLU RAHAYU ING KABUPATEN MAGETAN

**SKRIPSI**

**Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni**
**Universitas Negeri Yogyakarta**
**Jejangkeping sarat Kangge Anggayuh**
**Gelar Sarjana Pendidikan**

**dening:**
**Afrinka Handita Puspitasari**
**14205244001**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**
**2018**

**PASARUJUKAN**

*Skripsi* kanthi irah-irahanipun *Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan* menika sampun angsal palilah saking *Pembimbing* supados dipunujekakaken ing pandadaran.

Yogyakarta, 27 Februari 2018

*Pembimbing,*

Prof. Dr Suwardi, M. Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

**PANGESAHAN**

Skripsi kanthi irah-irahan *Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu* menika sampun dipunandharaken wonten *pendadaran* sangajengipun dewan penguji ing tanggal 16 Maret 2018 saha dipuntetepaken lulus

***DEWAN PENGUJI***

| **Asma** | ***Jabatan*** | **Tapak Asma** | **Tanggal** |
|---|---|---|---|
| Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. | Ketua Penguji | | 21 Maret 2018 |
| Avi Meilawati, S.Pd, M.A. | Sekretaris Penguji | | 21 Maret 2018 |
| Dr. Purwadi, SS., M.Hum. | *Penguji Utama* | | 21 Maret 2018 |

Yogyakarta, 21 Maret 2018
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum
NIP. 19571231 198303 2 004

**WEDHARAN**

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

| | |
|---|---|
| Nama | : **Afrinka Handita Puspitasari** |
| NIM | : 14205244001 |
| Program Studi | : Pendidikan Bahasa Jawa |
| Fakultas | : *Bahasa dan Seni* Universitas Negeri Yogyakarta |

medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi mnika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pundhut kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratipun. Menawi wedharan menika kabukti mboten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 27 Februari 2018

Panyerat,

Afrinka Handita Puspitasari

## SESANTI

Di setiap keberhasilanmu, percayalah ada satu doa ibumu yang dikabulkan.

(Afrinka Handita)

Sapa tetekun bakal ketekan

(Pitutur)

## PISUNGSUNG

Alhamdulillah, puji sukur kula aturaken dhumateng Gusti ingkang Maha Agung, skripsi kanthi irah-irahan "Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan" menika kula kapingsungsungakenken dhumateng:

Tiyang sepuh kula, Bapak Puji Hantoro saha Ibu Supini ingkang sampun paring donga pangestunipun, panyengkuyung, motivasi, pambiyantu, sarta katresnan ingkang boten winates satemah skripsi menika saged paripurna.

Rayi kula, Nanda Hanriko Agil ingkang tansah paring panjurung saha panyengkuyung kangge ngrampungakenken panaliten menika

# PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayah dhateng panyerat, satemah panyerat saged mujudaken skripsi menika kanthi lancar saha prakawis ingkang dados reribeting lampah. Panyeratan skripsi menika saged kawujud amargi wonten panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat badhe ngaturaken raos agunging panuwun dhumateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin anggen kula nggarap skripsi,
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin saha kalodhangan anggen kula nggarap skripsi,
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge garap skripsi saha minangka Pembimbing skripsi ingkang paring pambiyantu saha pamrayogi wonten bab-bab ingkang gayut kalihan skripisi,
4. Ibu Prof. Suharti, M. Pd. minangka Pembimbing Akademik ingkang sampun paring pambiyantu saha pamrayogi wonten bab-bab ingkang gayut kalihan kuliah,
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha staf administrasi jurusan PBD ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat,
6. Dewan penguji sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah dhateng panyerat kangge ndamel skripsi saha ujian saged katampi,
7. Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) kabupaten Magetan ingkang sampun paring idin saha pambiyantu awujud informasi supados saged njangkepi skripsi menika,

8. Bapak Puji Hantoro saha Ibu Supini, minangka tiyang sepuh panyerat ingkang tansah paring donga pangestu, panyengkuyung, saha panjurung ingkang tanpa winates,
9. Rayi kula Nanda Hanriko Agil, ingkang tansah paring panyengkuyung saha panjurung,
10. Bapak Sartono, S. Pd., Dikka, Kiki, saha Donna ingkang tansah paring pambiyantu saha panyengkuyung.
11. Kanca kula Shiane Artha Juwita ingkang sampun paring panyengkuyung saha panjurung kanthi saged ngrampungaken skripsi menika,
12. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan bahasa Daerah mliginipun kelas C, kanca-kanca PLT SMP N 3 Wonosari, saha sedaya pihak ingkang boten saged panyerat sebataken satunggal mbaka satunggal, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat satemah skripsi menika saged paripurna.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanansae, jangkep, menapa alih ampurna. Pramila saking menika, sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bungahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 27 Februari 2018

Panyerat,

Afrinka Handita Puspitasari

# DHAFTAR ISI


IRAH-IRAHAN .................... i

PASARUJUKAN .................... ii

PANGESAHAN .................... iii

WEDHARAN .................... iv

SESANTI .................... v

PISUNGSUNG .................... vi

PRAWANCA .................... vii

DHAFTAR ISI .................... ix

PRATELAN TABEL .................... xii

PRATELAN GAMBAR .................... xiii

PRATELAN LAMPIRAN .................... xv

SARINING PANALITEN .................... xvi

**BAB I PURWAKA**

A. Dhasaring Panaliten .................... 1
B. Undheraning Prakawis .................... 5
C. Watesaning Prakawis .................... 5
D. Wosing Prakawis .................... 6
E. Ancasing Panaliten .................... 7
F. Paedahing Panaliten .................... 7

**BAB II GEGARAN TEORI**

A. Kabudayan .................... 9
B. Tradhisi .................... 12

C. Simbol ..................................................................................... 13
D. Suran ....................................................................................... 14
E. Sajen........................................................................................ 15
F. Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ................................................ 16
G. Panaliten Ingkang Jumbuh ............................................................ 18

**BAB III CARA PANALITEN**

A. Jinising Panaliten ........................................................................ 19
B. Setting Panaliten .......................................................................... 20
C. Sumber Data Panaliten .................................................................. 20
D. Caranipun Ngempalaken Data .......................................................... 21
1. Observasi Berperan Serta ............................................................ 22
2. Wawancara Mendalam ................................................................. 23
3. Dokumentasi .............................................................................. 24
E. Pirantining Panaliten ..................................................................... 24
F. Cara Nganalisis Data ..................................................................... 25
G. Cara Ngesahaken Data ................................................................... 26

**BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

A. Andharan Setting Panaliten ............................................................. 27
1. Andharan Papan Tadhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ................. 27
2. Paraga Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu .............................. 28
3. Titilaksananing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ................. 32
B. Asal-usul Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ................................ 33
C. Prosesi Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ................................... 36
1. Cecawis Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ............................ 36
2. Lampahing Prosesi Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ........... 48
D. Makna Simbolik Ubarampe saha Sajen .............................................. 57
1. Bolu Awujud Lesug ..................................................................... 57
2. Bolu Awujud Bedhug.................................................................... 59
3. Bolu Awujud Gong ...................................................................... 61

4. Bolu Awujud Gunungan .... 62
5. Bolu Awujud Jodhang .... 63
6. Gunungan Palawija .... 65
7. Tumpeng Panggang Lele .... 67
8. Sekar Telon .... 69
9. Sekar Konyoh utawi Minyak Wangi .... 71
10. Sekar Kalak saha Mlathi .... 72
11. Takir saha Cok Bakal .... 73
12. Gedhang Raja Setangkep .... 75
13. Degan Ijo .... 76
14. Tigan 3 Kakum ing Warih .... 77
15. Rokok Jawa .... 79
16. Padupan .... 80
17. Jenang Pancawarna saha Jenang Abang Putih .... 82

E. Paedahing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu .... 84
1. Ngraketaken antawisipun Pemerentah saha Masarakat .... 85
2. Ngindhakaken *Ekonomi Kerakyatan* .... 86
3. Nepangaken *Potensi Pariwisata* .... 87
4. Nguri-uri Kabudayan Jawi .... 88

**BAB V PANUTUP**

A. Dudutan .... 93
B. Implikasi .... 102
C. Pamrayogi .... 103

**KAPUSTAKAN** .... 104

**LAMPIRAN** .... 106

## PRATELAN TABEL

*Tabel* 1. Gunggungipun *Penduduk* Kabupaten Magetan ................................. 29

*Tabel* 2. Padamelan Warga Kabupaten Magetan ............................................. 30

*Tabel* 3. Sintem Religi Masarakat Kabupaten Magetan .................................. 31

## PRATELAN GAMBAR


Gambar 1. *Diagram Teknik Triangulasi* ........................................................ 22

Gambar 2. Peta Kabupaten Magetan.............................................................. 28

Gambar 3. Wujud Roti Bolu ........................................................................... 40

Gambar 4. Adonan Bolu Dipun-*cetak*............................................................ 42

Gambar 5. Gunungan Palawija ...................................................................... 44

Gambar 6. Sesajen......................................................................................... 45

Gambar 7. Kendhi Pertola.............................................................................. 46

Gambar 8. Kreta Kencana.............................................................................. 47

Gambar 9. Mobil Hias.................................................................................... 48

Gambar 10. Pagelaran Seni Ledhug............................................................... 49

Gambar 11. Paring Donga kangge Roti Bolu................................................. 51

Gambar 12. Bupati Magetan Mecah Kendhi Pertola ..................................... 52

Gambar 13. Rute Kirab Nayaka Praja............................................................ 53

Gambar 14. Kirab Nayaka Praja .................................................................... 54

Gambar 15. Kirab Bolu Rahayu..................................................................... 54

Gambar 16. Pasugatan Seni Tari Kreasi ........................................................ 55

Gambar 17. Andum Berkah Bolu Rahayu ..................................................... 57

Gambar 18. Bolu awujud Lesung................................................................... 58

Gambar 19. Bolu awujud Bedhug.................................................................. 60

Gambar 20. Bolu awujud Gong ........................................................................ 61

Gambar 21. Bolu awujud Gunungan.................................................................. 63

Gambar 22. Bolu awujud Jodhang..................................................................... 65

Gambar 23. Gunungan Palawija ........................................................................ 66

Gambar 24. Tumpeng Panggang Lele................................................................ 68

Gambar 25. Sekar Telon ..................................................................................... 70

Gambar 26. Sekar Konyoh utawi Minyak Wangi............................................. 72

Gambar 27. Sekar Kalak saha Mlathi ................................................................ 73

Gambar 28. Takir saha Cok Bakal ..................................................................... 74

Gambar 29. Gedhang Raja Setangkep ............................................................... 76

Gambar 30. Degan Ijo ......................................................................................... 77

Gambar 31. Tigan 3 Kakum ing Warih.............................................................. 78

Gambar 32. Rokok Jawa ..................................................................................... 79

Gambar 33. Padupan .......................................................................................... 82

Gambar 34. Jenang Pancawarna saha Jenang Abang Putih ............................. 83

# PRATELAN LAMPIRAN

*Lampiran* 1 ........................................................................................ 107

*Lampiran* 2 ........................................................................................ 126

*Lampiran* 3 ........................................................................................ 144

*Lampiran* 4 ........................................................................................ 147

# TRADHISI ANDUM BERKAH BOLU RAHAYU ING KABUPATEN MAGETAN

**Dening Afrinka Handita Puspitasari**
**NIM 14205244001**

## Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken asal-usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, prosesi saha lampahing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, makna simbolik ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, saha paedah saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan.

Panaliten menika migunakaken metode panaliten *kualitatif*. Caranipun ngempalaken data ing panaliten menika migunakaken *observasi berperan serta, wawancara mendalam, saha dokumentasi*. Piranti wonten salebeting panaliten menika migunakaken buku kangge nyerat, kamera, piranti perekam, saha *handycamp*. Caranipun analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis data induktif. Caranipun ngesahaken data salebeting panaliten menika migunakaken *teknik triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*, dipuntindakaken kanthi cara nandhingaken data asiling panaliten kalihan data asiling wawancara .

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Asal-usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan dipunwiwiti taun 2002 saking pamanggih para seniman, budayawan, tokoh agami, pemerentah, saha masarakat kabupaten Magetan ingkang gadhah ancas manggihaken tradhisi jawa ing masarakat menika saged rembaka malih kanthi tata cara ingkang langkung narik kawigatosan supados masarakat *antusias* anggenipun nyengkuyung tradhisi menika. (2) Prosesi saha lampahing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu dipunwiwiti saking (a) pagelaran seni ledhug, (b) malem tirakatan, (c) mecah kendhi pertola, (d) kirab nayaka praja, (e) pasugatan seni, (f) andum berkah bolu rahayu. (3) Makna simbolik saking ubarampe saha sesajen ingkang dipunsamektakaken wonten tradhisi Andum Berkah Bolu rahayu menika gadhah ancas kangge nyuwun karahayon marang Gusti. (4) Paedah saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan inggih menika, (a) paedah sosial, (b) paedah ekonomi, (c) paedah pariwisata, saha (d) paedah kabudayan.

**Pamijining tembung**: Tradhisi. Andum Berkah Bolu Rahayu, Magetan.

# BAB I

# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Kabudayan inggih menika sedaya pamanggih saha asiling pakaryan saking tiyang gesang, ingkang kedah dipunlampahi kanthi sinau, sarta sedaya asiling budi saha pakaryan (Koentjaraningrat, 2004: 9). Kathah pamanggih bilih konsep kabudayan menika gadhah pangertosan ingkang sekedhik, inggih menika pikiran, karya, saha asiling karya saking manungsa ingkang remen kalihan kaendahan.

Kabudayan menika gayut kalihan pranata kabudayan. Pranata utawi *institution* menika ngandharaken tindak tandukipun tiyang gesang wonten ing salebeting kabudayanipun. Tindak tanduk tiyang gesang boten saged dipunlampahi kanthi cara *sakkarepe dhewe*, nanging wonten dhasar saha *pola-pola* ingkang dadosaken titikanipun. Kabudayan ugi gayut kalihan tradhisi masarakat. Masarakat nglampahi kabudayan gadhah ancas badhe ngandharaken pola tindak tanduk ing salebeting pagesangan. Kabudayan minangka titikan saking masarakat tradhisi kaperang dados maneka warna ingkang trep kalihan tradhisi wonten ing papanipun piyambak-piyambak. Kados ta upacara labuhan, slametan, saha merti desa.

Kathah kitha ingkang nglestantunaken kabudayan Jawi, salah satunggalipun Kabupaten Magetan, ingkang mapan wonten lereng redi Lawu, Jawa Timur. Dipuntingali saking sejarah sahamula bukanipun Kabupaten Magetan menika taksih wonten gayutipun kalihan Keraton Ngayogyakarta, amargi garwa

saking Kandjeng Sultan Hamengku Buwono I menika putrid saking Bupati Magetan ingkang kaping tiga (Kandjeng Kjai Adipati Purwodiningrat). Ananging, menawi dipuntingali saking tata basanipun, Magetan menika kapundhut saking tembung "waget" ingkang gadhah makna isanan utawi boten cethil. Saking asal-usul menika Kabupaten Magetan taksih nglestantunaken sanget kabudayan mliginipun kabudayan Jawi.

Kabupaten Magetan ingkang taksih nglestantunaken kabudayan-kabudayan Jawi ugi nglampahi tradhisi ingkang arupi tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika mula bukanipun kawiwitan wonten ing taun 2002. Tradhisi menika kawiwitan saking pamanggih para seniman, tokoh agama, pemerintah, saha tokoh masarakat ingkang gadhah ancas badhe manggihaken tradhisi jawa ingkang wonten ing masarakat menika saged rembaka malih kanthi tata cara ingkang langkung narik kawigatosan supados masarakat *antusias* anggenipun nyengkuyung tradhisi menika. Tradhisi menika dipunwastani tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu gadhah teges "ngalap karahayan" maknanipun supados masarakat Kabupaten Magetan tansah winantu keslametan. Wonten ing upacara tradhisi piranti ingkang utama kedah wonten inggih menika roti bolu. Bolu minangka jajanan khas Kabupaten Magetan ugi kapundhut saking kerata basa "Bujono = *hidangan*, Lulut = tresna" ingkang gadhah makna bilih tiyang Magetan remen paring kanthi raos ikhlas dipundhasari saking raos tresna saha asih kalihan tiyang sanes.

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu kalampahan minangka badhe mlebet wulan Sura utawi Muharram supados wonten ing taun salajengipun

masarakat saged manggihaken berkah saha kaslametan. Tradhisi menika dipunlampahi kanthi roti bolu minangka piranti utama dipundamel kanthi wujud ingkang beda-beda. Wujud saking roti bolu menika dipuntata gayut kalihan tradhisi saderengipun, inggih menika awujud tumpeng, lesung, bedhug, gong ageng, saha jodhang. Saking wujud-wujud kala wau gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesangan masarakat mliginipun kabupaten Magetan bilih wujud tumpeng menika gadhah teges manunggaling cipta rasa budi karsa bebrayan masarakat Magetan dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Lesung minangka piranti tradhisional negesaken budaya asli Jawi saking para sesepuh. Bedhug negesaken budaya Islami ingkang saged dados setunggal kalihan budaya Jawi. Gong ageng minangka simbol saking gamelan Jawi negesaken rembakanipun seni wonten ing Kabupaten Magetan. Saha jodhang ingkang negesaken menawi masarakat Magetan remen “dana” paring kalihan tiyang sanes utawi tiyang ingkang langkung betahaken. Sedaya pralambang kala wau ngandharaken bilih manungsa kedah emut kalihan asal-usul, agama, sahabudayanipun piyambak-piyambak.

Tradhisi menika boten namung dipuntingali saking *makna simbolik* kemawon, nanging ugi dipuntingali saking prosesi mula bukaning tradhisi saged kalampahan saha saged ajeg rembaka dumugi samenika. Wonten ing lampahanipun Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu sedaya masarakat ingkang nyengkuyung adicara menika kayata *ter-hipnotis* kangge ngalap berkah saking ubarampe –ubarampe kala wau. Masarakat Magetan gadhah kapitadosan menawi ngalap bolu saha ubarampe saged manggihaken keslametan wonten ing warsa

salajengipun. Tiyang ingkang gadhah peran ing adicara menika ugi wonten saking para tokoh agama (Islam, Kristen, Khatolik, Hindhu, sahaBudha), seniman-seniwati, budayawan, para tokoh kyai, para tokoh kepercayaan. Adicara menika dipunlampahi supados sedaya ubarampe ingkang sampun disamektakaken ngandut berkah saking Gusti saha benjing sinten kemawon ingkang ngalap roti bolu menika saged nampi kamulyan, kaslametan, kasarasan, saha kawilujengan ing pagesanganipun.

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu badhe dipuntliti amargi panaliti badhe ngudhari kados pundi mula bukaning tradhisi ingkang samenika dipunlampahi saben warsanipun, kadospundi prosesi wonten ing salebeting tradhisi, makna-makna simbolik saking upacara tradhisi menika, saha menapa mawon paedahipun tradhisi menika kangge masarakat Magetan. Salajengipun, saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika kathah masarakat ingkang pitados menawi nglampahi upacara tradhisi menika seged pinaring kesalametan urip mliginipun ing pagesangan menika. Kapitadosan kala wau saged dipuntingali saking sedaya masarakat kitha Magetan ingkang sami greget anggenipun nyengkuyung tradhisi menika. Masarakat sami kersa rayahan kanthi greget supados angsal bolu saha palawija. Tradhisi menika ugi dereng wonten ingkang nliti wiwit saking mula bukanipun dugi *makna-makna simbolik* saben ubarampe saha lampahanipun.

## B. Undheraning Prakawis

Adhedhasar saking andharan-andharan prakawis wonten ing dhasaring panaliten, Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu gadhah maneka warni perangan ingkang saged dipuntliti. Awit saking menika saged dipunpundhut kanthi perangan ing ngandhap menika :

1. Asal usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur
2. Prosesi saha lampahing adicara saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
3. Ubarampe saha makna simbolik salebeting tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
4. Paedah saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.

## C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar saking andharan-andharan prakawis wonten ing undheraning prakawis, panaliti matesi panaliten menika supados panaliten kalampahan langkung *fokus* saha ancasing panaliten menika saged kalampahan kanthi sae. Pramila panaliti matesi prakawis ingkang badhe dipuntliti, watesaning prakawis kaandharaken kanthi :

1. Asal usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
2. Prosesi saha lampahing adicara saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.

3. Ubarampe saha makna simbolik salebeting tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
4. Paedah saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan, Jawa Timur.

## D. Wosing Prakawis

Upacara tradhisi ingkang dipunadani wonten ing Kabupaten Magetan menika kalampahan nalika badhe mlebet wusahaSura utawi Muharram saben setuggal warsa sepisan. Miturut masarakat Magetan, tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika kalampahan minangka wujuding raos sukur masarakat dening Gusti ingkang Maha Kuwaos sampun pinaring berkah, rejeki langkung kathah, kaslametan ing donya, tebih saking kacilakan.

Adhedhasar watesaning prakawis ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil menika saged kapendhet prakawis ingkang badhe dipuntliti :

1. Kadospundi asal usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur?
2. Kadospundi prosesi saha lampahing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur?
3. Menapa ubarampe saha maknanipun ingkang wonten ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur?
4. Menapa mawon paedah ingkang saged dipunpundhut saking Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur?

## E. Ancasing Panaliten

Ancasipun saking panaliten upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, antawisipun inggih menika :

1. Ngandharaken asal usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu woten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
2. Ngandharaken prosesi saha lampahing upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
3. Ngandharaken ubarampe saha makna simbolik wonten ing upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
4. Ngandharaken paedahing saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.

## F. Paedahing Panaliten

1. Paedahing Teoritis

Saking panaliten menika saged nambah kawruh bab budaya tradhisi ingkang wonten ing tanah Jawi mliginipun kabupaten Magetan saha ngandharaken sejarah asal usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ingkang kedah dipunrembakakaken saha dipunjagi ing jaman modern menika. Paedah salajengipun saged dipunginakaken *referesi* kangge panaliten budaya ingkang gayut kalihan panaliten menika.

2. Paedahing Praktis

a. Panaliten menika saged paring informasi ingkang langkung kathah dhumateng masarakat bab kabudayan Jawi, mliginipun upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan, Jawa Timur.
b. Saged paring munpangat kangge pasinaon bab upacara tradhisi, saged biyantu nglestantunaken wisata kabudayan Jawi mliginipun wonten ing kabupaten Magetan.
c. Saged paring *informasi* saha nambah kawruh bab kabudayan mliginipun kangge mahasiswa jurusan bahasa dan seni ingkang badhe sinau bab kabudayan saha tradhisi.
d. Saged nambah *dokumentasi* saengga saged paring *informasi* kangge masarakat bab seni tradhisi supados gadhah raos remen saha saged nglestantunaken budaya sahatradhisi Jawi.

# BAB II
# GEGARAN TEORI

## A. Kabudayan

Tembung kabudayan menika asalipun saking basa Sansekerta “buddayah” minangka wujud jamak saking tembung buddhi ingkang tegesipun “budi” utawi “akal” (Koentjaraningrat, 2002: 9). Kanthi mekaten kabudayan saged dipunwastani perangan menapa kemawon ingkang wonten gayutipun kalihan budi saha akal. Koentjaraningrat (2002: 5) ugi ngandharaken menawi kabudayan inggih menika:

> *Kebudayaan itu paling sedikit mempunyai tiga wujud, ialah:*
> 1. *wujud kebudayaan sebagai suatu kompleks dari ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma, peraturan dan sebagainya.*
> 2. *wujud kebudayaan sebagi suatu kompleks aktivitas kelakuan berpola dari manusia dalam masyarakat.*
> 3. *wujud kebudayaan sebagai benda-benda hasil karya manusia.*

Saking andharan wonten ing ngingil tegesipun kabudayan menika kaperang dados tiga, ingkang sepisan kabudayan minangka wujud pamanggih, *nilai-nilai, norma-norma,* aturan saha sapanunggalanipun, ingkang kaping kalih kabudayan minangka pola tindak tanduk manungsa wonten ing pagesangan, ingkang kaping tiga wujud kabudayan minangka piranti saking asiling karya tiyang gesang utawa wujud *fisik* saking tiyang gesang ingkang boten mbetahaken andharan langkung kathah.

Miturut Hari (2010: 91) kabudayan menika minangka asiling cipta utawi warisan kangge urip ing masarakat. Kabudayan ugi rembaka kanthi cara *akumulatif,* saha *kompleks.* Kangge nglajengangaken kabudayan saking jaman rumiyin generasi samenika kedah gadhah sistem komunikasi ingkang cetha,

inggih menika migunakaken basa. Basa minangka salah satunggaling piranti komunikasi ingkang saged nglestantunaken kabudayan saking *generasi* sepisan dumugi samenika. Kabudayan ugi gadhah tiga *pandangan* kangge mangertosi proses lestantunipun.

1. *Kebudayaan bersifat superorganik dan merupakan wujud tertinggi dari para individu pendukung suatu kebudayaan. Kebudayaan mengandung berbagai fakta sosial dan merupakan gambaran untuk mengungkapkan pemikiran dan perasaan dari setiap individu. Oleh karena itu tingksh laku manusia ditentukan oleh kebudayaannya, dan bukan sebaliknya.*
2. *Kebudayaan hanyalah suatu konsep untuk suatu konstruksi*
3. *Kebudayaan bersifat abstrak, dan merupakan suatu kontruksi dan bukannnya suatu entitas yang dapat diperlihatkan secara menyluruh. Kebudayaan juga merupakan suatu yang nyata (real) yang tidak perlu dipersoalkan hakikatnya.*

Saking pamanggih wonten ing nginggil tegesipun 1) kabudayan menika wujud paling nginggil saking pamanggih tiyang gesang. Kabudayan ngemot sedaya fakta sosial ing salebeting masarakat saha dipunginakaken kangge lambang saking pamanggihipun saben tiyang. Saengga, sedaya tindak tanduk manungsa dipuntingali saking kabudayanipun, 2) kabudayan namung salah satunggaling konsep kangge nglampahi pagesangan, saha 3) kabudayan asipat abstrak saha minangka salah satunggaling konstruksi ingkang boten saged dipunandharaken kanthi cetha. Kabudayan ugi gadhah sipat nyata *(real)* ingkang boten prelu dipundadosaken prakawis saking hakikatipun. Miturut Koentjaraningrat (2009: 2) kabudayan ugi gadhah saperangan unsur. Unsur-unsur kabudayan ingkang dipunkajengakaken inggih menika:

1. *Sistem religi dan upacara keagamaan,*
2. *Organisasi sosial,*
3. *Sistem pengetahuan,*
4. *Bahasa,*
5. *Kesenian,*

6. *Sistem mata pecaharian,*
7. *Sistem teknologi dan peralatan.*

Tegesipun saking andharan wonten ing ngiggil inggih menika,1) unsur kabudayan ingkang sepisan sistem religi inggih menika agama saha religi wonten gayutipun kalihan tradhisi amargi sami ngandharaken bab *norma-norma*, tatanan kangge nglampahi upacara tradhisi saha *hukum-hukum* ingkang kedah dipunlampahi; 2) unsur nomer kalih minangka organisasi sosial manungsa menika saged *interaksi* antawisipun *individu* kalihan *indiidu*, *individu* kalihan kelompok, saha kelompok kalihan kelompok; 3) unsur kaping tiga pengetahuan saged dipunginakakeen kangge damel konsep *fenomena-fenomena alam* saha sebabipun. Sistem pengetahuan wiwitanipun adhedhasar tiyang gesang ingkang ningali alam sakiwa tengenipun; 4) unsur nomer sekawan basa saged dipunjlentrehaken ing salebeting basa wonten kaidah basa, *norma-norma* pawicantenan, saha aturan pangangge ingkang sedayanipun saged dipunsebat sistem budaya saking basa; 5) unsur kaping gangsal kesenian ateges unsur kabudayan minangka asiling tindak tanduk ingkang saged maringi nilai ingkang langkung kangge tiyang gesang amargi seni menika gayut kalihan kaedahan utawi prakawis ingkang narik kawigatosan; 6) ingkang nomer enem inggih menika awujud sistem ekonomi, kabetahan *primer*, kabetahan *sekunder*, saha kabetahan *tersier*; 7) unsur ingkang pungkasan kalebet minangka sistem piranti awujud teknologi ingkang wonten gayutipun kalihan upacara tradhisi

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih kabudayan menika asiling tindak tanduk saking manungsa ingkang mujudaken pakulinan, tradhisi ingkang saged dipunsinau saking piwulang ing saben

dintenipun. Kabudayan menika tuwuh saking masarakat saha lestantun wonten salebeting masarakat ugi. Kabudayan sampun wonten wiwit manungsa menika lair wonten ing donya, ewadene kabudayan ugi dipunwarisaken dugi samenika.

## B. Tradhisi

Tradhisi kalebet salah satunggaling folklor. Tradhisi inggih menika adat *kebiasaan* tilaraning leluhur ingkang taksih dipuntindakaken wonten ing masarakat dugi samenika. Tradhisi utawi adat istiadat ugi dipunsebat adat tata tindakan, miturut Herusantoto (2008: 164-165) saged dipunperang dados sekawan tingkatan, inggih menika:

(*1) tingkat nilai budaya,*
*(2) tingkat norma-norma,*
*(3) tingkat hukum,*
*(4) tingkat aturan khusus.*

Tingkat *nilai* budaya awujud saking pamanggih ingkang dados *inspirasi* saha gadhah *nilai* ing pagesangan masarakat. Tingkat norma menika awujud *nilai-nilai* budaya ingkang woten ing salebeting masarakat saha gayut kalihan anggota masarakat *lingkungan*-ipun. Tingkat ingkang nomer tiga inggih menika sistem hukum ingkang wonten salebeting masarakat. Pungkasanipun inggih menika tingkat aturan mliginipun ingkang ngatur kagiyatan-kagiyatan supados langkung cetha saha winates *ruang lingkup*-ipun ing masarakat ingkang asipat *konkret.* Ewadene pamanggih saking Endraswara (2009: 26) ngandharaken bilih *folklor* gadhah tradhisi, tradhisi ingkang wujudipun lisan gadhah titikan:

a. Verbal, awujud tetembungan
b. Boten awujud seratan

c. Gadhahipun masarakat wiyar
d. Gadhah makna *fundamental*, dipunlampahi turun temurun (dari generasi ke generasi)

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih tradhisi ingkang wujudipun lisan menika gadhah titikan, a) wujudipun tetembungan, b) boten awujud seratan (tulisan), c) tradhisi minangka gadhahipun masarakat wiyar, d) gadhah makna ingkang *fundamental* utawi mendasar, dipunlampahi kanthi turun temurun.

Salah setunggal tradhisi wonten masarakat inggih menika tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Tradhisi menika dipunlampahi adhedhasar saking budaya-budaya ingkang sampun wonten ing masarakat, lajeng dipunwujudaken kanthi lampahan ingkang saged dipunpirsani saha dipunlestantunaken dening masarakat.

## C. Simbol

Simbol minangka wujud makna saking piranti ingkang dipunangge wonten salebeting kagiyatan. Herusatoto (2001: 10) ngandharaken menawi *simbol* inggih menika "*simbol atau lambang adalah semacam tanda, lukisan, perkataan, lencana dan sebagainya yang menyatakan sesuatu hal atau mengandung maksud tertentu.*"

Tegesipun simbol utawi lambang minangka saperangan tandha, gambaran, pangucap ingkang ngandharaken saperangan makna ingkang ngandut teges tartamtu. Simbol menika ngandharaken menapa kemawon teges saking piranti-piranti ingkang ngandhut makna gayut kalihan ancasipun. Wonten ing lampahan

upacara tradhisi boten saged pisah kalihan simbol-simbol ingkang ngandharaken saperangan prakawis wonten ing salebetipun. Awit saking menika simbol kaperang dados tiga, inggih menika:

1. *Simbol* ingkang gayut kalihan roh leluhur, arupi: sesaji, ginakaken sekar saha toya wening, mbesem kutug, ziarah sahawilujengan.
2. *Simbol* ingkang gayut kalihan satunggaling kekiyatan, antawisipun: nenepi, ginakaken keris, tombak sahajimat.
3. *Simbol* ingkang gayut kalihan sipat ingkang luhur, kadasta: laku utama wonten ing hasta sila, asta brata sahapanca kreti.

Upacara tradhisional utawi upacara ritual asring dipunwastani upacara keagamaan. Miturut Bustanuddin (2006: 96) upacara ingkang boten dipunmangertosi alesan nyatanipun kawastanan *rites* ing Basa Inggris ingkang tegesipun tumindak utawi upacara agami. Upacara ritual minangka upacara ingkang dipuntindakaken kanthi rutin dening setunggal kelompok masarakat ingkang dipuntata kalihan hukum masarakat ingkang dipunugemi.

Saking andharan ing ngginggil saged dipunpundhut dudutan bilih simbol menika saperangan piranti ingkang saged ndadosaken lambang saking wujud piranti ingkang sejatosipun. Wonten ing upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu kathah simbol minangka teges saking wujud-wujud ubarampe ingkang dipunginakaken. Simbol menika gayut kalihan pangajab-pangajab saking kawontenanipun tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu.

## D. Suran

Miturut Poerwadarminta (1939: 515) ngandharaken bilih sura inggih menika wulan ingkang kaping pisan. Sura minangka wulan kapisan ing taun Muharram utawi taun Islam. Wonten wulan sura kathah masarakat Jawi ingkang nglampahi tradhisi. Tradhisi wonten wulan Sura menika kasebut Suran. Masarakat Jawi taksih kathah ingkang mengeti suran utawi nglampahi tradhisi wonten ing wulan Sura, antawisipun woten saperangan masarakat ingkang nglampahi semedi, ruwatan, pasa, kungkum, tirakatan wonten papan ingkang dipunanggep wingit. Sura dipunpitadosi wulan ingkang langkung sae saking wulan saderengipun, amargi kathah masarakat Jawi ingkang langkung *mendekatan* dhiri kalihan Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Sura menika kalebet wulan enggal wonten ing warsa Islam.

Masarakat Jawi kathah ingkang nglampahi ritual adat utawi upacara tradhisi woten ing wulan Sura. Wonten ing salebeting upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika dipunlampahi mapak wulan Sura amargi gadhah pangajab supados wulan Sura saha wuslan salajengipun langkung pikantuk berkah. Kathah masarakat Jawi nglampahi tradhisi wonten wulan Sura ingkang nyuwun kangge ngalap berkah utawi angsal berkah wonten wulan menika. Upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika ugi ngandhut *simbol-simbol* ingkang gadhah paedah kangge gayutkaken donya nyata saha Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

**E. Sajen**

Miturut Poerwadarminta (1939: 537) sajen inggih menika maneka warni kembang, dhedhaharan lsp, ingkang dipunparingaken marang lelembut minangka sesembahan. Kathah masarakat Jawi ingkang nglampahi tradhisi mesthi migunakaken sajen minangka simbol *spiritual.* Tegesipun, masarakat pitados bilih migunakaken sesajen menika wonten kekiyatan ingkang langkung inggil kangge nyuwun dhumateng Gusti. Endraswara (2003: 195) ngandharaken bilih.

> *Sesaji merupakan aktualisasi dari pikiran, keinginan, dan perasaan pelaku untuk lebih mendekatkan diri kepada Tuhan ………………………………………*
>
> *……………………………………………………………………………………*
>
> *Sesaji juga merupakan wacana simbol yang digunakan sebagai srana untuk negoisasi spiritual kepada hal-hal gaib.*

Tegesipun sesajen menika minangka wujud nyata saking pamanggih, kapinginan, saha rasa saking manungsa kangge rumaket kalihan Gustinipun. Sesajen ugi minangka srana kangge *negoisiasi* spiritual kalihan hal-hal ghoib. Sesajen dipunsamektakaken kangge ngurmati *makhuk halus*.

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih sesajen menika minangka sarana *persembahan* kangge *makhluk halus* ingkang gadhah kakiyatan langkung inggil saking manungsa. Masarakt pitados bilih nyamektakaken sesajen menika makhluk ghoib saged paring payengkuyung supados pangajab saha pepinginan manungsa saged kagayuh. Wonten ing salebeting panaliten menika sesajen ingkang dipunginakaken wujudipun maneka warni kadas ta dhedhaharan, unjukan, kembang, lsp. Sesajen ingkang dipunsamektakaken wonten tradhisi menika gadhah ancas supados sedaya pangajab saha pepinginan masarakat ing kabupaten Magetan saged kagayuh saha

saged paring karahayon wonten warsa sangajengipun. Sejatosipun sesajen namung minangka sarana kangge nyuwun marang Gusti.

### F. Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Andum Berkah Bolu Rahayu minangka salah setunggal saking tradhisi ingkang woten ing Kabupaten Magetan, Jawa Timur. Mula bukanipun tradhisi menika kawiwitan taun 2002. Tradhisi menika kagolong tradhisi enggal, kanthi mekaten dereng saged dipunsebat *folklore* Jawi. Tradhisi menika dipunwiwiti saking pamanggih pemerintah Kabupaten, tokoh agama, saha tokoh masarakat saking warsa 90-an nanging nembe kalaksanan warsa 2002. Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu saged dipunpirsani nalika badhe mlebet wulan Sura utawi Muharram wonten ing alun-alun kabupaten Magetan.

Wonten ing alun-alun masarakat saged ningali sedaya rantamaning upacara tradhisi. Tradhisi menika dipunlampahi dening perwakilan saking pejabat pemerintahan, perwakilan saking para tokoh agama, perwakilan saking tokoh masarakat, saha tiyang-tiyang ingkang dipundhapuk kangge mbiyantu nyengkuyung prosesi upacara tradhisi menika. Piranti ingkang dados ciri khas ing tradhisi menika arupi roti bolu. Roti Bolu menika minagka kerata basa saking "Bujana = *hidangan*, Lulut = tresna" ingkang gadhah makna bilih tiyang Magetan remen paring kanthi raos ikhlas dipundhasari saking raos tresna saha asih kalihan tiyang sanes.

Wujud saking roti bolu menika dipuntata gayut kalihan tradhisi saderengipun, inggih menika awujud tumpeng, lesung, bedhug, gong ageng, saha

jodhang. Saking wujud-wujud kala wau gadhah makna gayutan kalihan pagesangan masarakat mliginipun kabupaten Magetan bilih wujud tumpeng menika gadhah teges manunggaling cipta rasa budi karsa bebrayan masarakat Magetan dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Lesung minangka piranti tradhisional negesaken budaya asli Jawi saking para sesepuh. Bedhug negesaken budaya Islami ingkang saged dados setunggal kalihan budaya Jawi. Gong ageng minangka simbol saking gamelan Jawi negesaken rembakanipun seni wonten ing Kabupaten Magetan. Saha jodhang ingkang negesaken menawi masarakat Magetan remen "dana" paring kalihan tiyang sanes utawi tiyang ingkang langkung mbetahaken. Sedaya pralambang kala wau ngandharaken bilih manungsa kedah emut kalihan asal-usul, agama, saha budayanipun piyambak-piyambak.

## G. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten menika ngrembag bab upacara tradhisi wonten ing salah setunggal daerah, awit saking andharan kala wau panaliten ingkang jumbuh kalihan panaliten ingkang dipulampahi dening Dyan Widi Astuti (2014) kanthi irah-irahan "Upacara Tradhisi Kirab Brata Merti Bumi wonten ing Dhusun Kaliurang, Desa Hargibinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman". Panaliten menika kalampahan kanthi ancas ngandharaken asal-usul upacara Tradhisi Kirab Brata Merti Bumi, prosesi lampahing upacara Kirab Brata Merti Bumi, makna simbolik sajen ing salebeting upacara Kirab Brata Merti Bumi, sarta

paedahipun upacara Kirab Brata Merti Bumi tumrap warga Kaliurang saha sakiwa tengenipun.

Panaliten nomer kalih ingkang jumbuh kalihan panaliten menika panaliten ingkang dipunlampahi dening Diah Yunia Ulfah (2014) kanthi irah-irahan “Tradhisi Gusaran ing Dhusun Cipabeasan, Desa Cilopadang, Kecamatan Majenang, Kabupaten Cilacap. Panaliten dipunlampahi kanthi ancas ngandharaken prosesi lampahing tradhisi Gusaran, makna simbolik sesaji saha piranti ing saebeting tradhisi Gusaran, sarta paedahipun tradhisi Gusaran tumrap warga panyengkuyung.

# BAB III

# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panalliten

Jinising panaliten tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan menika migunakaken metode panaliten kualitatif. Panaliten kualitatif inggih menika metode panaliten ingkang caranipun manggihaken data boten miturut etangan statistik utawi cara etangan sanesipun. Anggenipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika kanthi cara wawancara saha migatosaken sumber data (Strauss, 2007:4). Wonten panaliten kualitatif menika dipunlampahi kanthi langsung ing papan panaliten kanthi manggihaken data awujud data deskriptif.

Pamanggih ingkang sami dipunadharaken dening Denzin saha Licoln lumantar (Endraswara, 2006: 86) panaliten kualitatif inggih menika panaliten ingkang ngandharaken fenomena kabudayan miturut empirik wonten ing lapangan. Wonten ing panaliten menika panaliti kedah langsung wonten ing papan panaliten supados saged manggihaken data-data ingkang jangkep kanthi cara pirembagan (wawancara) kalihan *sumber-sember data* ingkang wonten ing papan panaliten. Panaliten menika migunakaken panaliten kualitatif supados saged manggihaken saha ngandharaken prakawis wiwit asal-usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, prosesi ingkang dipunlampahi nalika tradhisi, ubarampe saha makna simbolik saking ubarampe ingkang dipunangge wonten ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, sarta paedah saking tradhisi Andum Berkah Bolu

Rahayu kanthi awujud data deskriptif. Data deskriptif menika dipunpundhut saking informan minangka sumber data supados sedaya data saged dipunpanggihaken kanthi jangkep saha langkung *detail.*

## B. Setting Panaliten

Upacara tradhisi Andum Berkah Bolu rahayu menika kalampahan wonten alun-alun Kabupaten ingkang mapan ing kelurahan Magetan, kecamatan Magetan, kabupaten Magetan, Jawa Timur. Upacara tradhisi menika dipunlampahi nalika mlebet wulan Sura utawi Muharram, menapa dipunwontenaken ing wiwitanipun wulan Sura amargi kathah tiyang jawi pitados bilih sedaya tiyang ingkang saged ngalap berkah saking ubarampe upacara tradhisi menika wonten ing wulan salajengiun saged manggihaken keslametan. Tradhisi menika dipunlampahi dening sedaya masarakat mliginipun masarakat kabupaten Magetan. Kanthi mekaten kathah masarakat saking njawi kabupaten Magetan tumut nyengkuyung adicara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu.

## C. Sumber Data Panaliten

Data ingkang badhe dipuntliti dening panaliten inggih menika asal usuling tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan, kados pundi tata cara prosesinipun, ubarampe menapa kemawon ingkang kedah dipunsamektakaken, saha menapa kemawon ingkang kedah dipuntliti babagan upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan. mitirut Arikunto (2002: 122) ngandharaken bilih sumber data inggih menika menapa kemawon ingkang dados kawigatosan wonten ing panaliten. Perangan sumber

salajenipun ing panaliten kualitatif ugi wonten sumber data kangge njangkepi asiling panaliten inggih menika dokumen-dokumen saha data sanesipun.

Sumbering data panaliten saged dipunpundhut mawi panaliti *berperanserta* langsung wonten adicara prosesi Andum Berkah Bolu Rahayu saking wiwitaning adicara dumugi pungkasaning adicara. Data ugi saged kapundhut migunakaken informan kanthi cara wawancara. Informan saged kapilih kanthi *teknik sampling purposive*. *Teknik sampling purposive* inggih menika teknik migunakaken *sampel* (tuladha) ingkang gayut kalihan panaliten. Teknik menika saged mbiyantu panaliti anggenipun manggihaken data kanthi cara ingkang langkung gampil. Wonten ing panaliten menika informan saged dipunpundhut saking sesepuh utawi para paraga ingkang kapilih nglampahi prosesi tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu.

## D. Caranipun Ngempalaken Data

Teknik ngempalaken data wonten ing panaliten menika migunakaken teknik *triangulasi*. Teknik menika dipunlampahi kanthi dadosaken setunggal saking teknik ingkang sampun wonten kadas ta teknik kanthi cara observasi, wawancara mendalam, saha dokumentasi. Saking tiga teknik ingkang dipunginakakaken badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika:




Gambar 1. Teknik Triangulasi

1. *Observasi berperan serta*

Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika dipunwiwiti kanthi cara *observasi berperan serta*. Herdiyansyah (2010: 63) ngandharaken bilih observasi berperan serta inggih menika panaliti ngamati saha ndherek langsung wonten ing salebeting kagiyatan panaliten. Anggenipun ngempalaken data *observasi* saking panaliten menika inggih tumut proses saking adicara dipunwiwiti dumugi pungkasaning adicara, supados panaliti mangertosi lampahaning adicara tradhisi kanthi runtut kangge mbiyantu anggenipun nyerat asiling panaliten.

Pamanggih ingkang sami ugi dipunandharaken dening Sugiyono (2015: 145) bilih *observasi berperan serta* menika kalampahan kanthi cara panaliti tumut wonten kagiyatan padintenan tiyang utawi objek ingkang badhe dipuntliti. Kanthi cara *obrservasi berperanserta* menika panaliti saged nglampahi piyambak menapa

kemawon ingkang dados objek panaliten, suka dukanipun nglampahi kagiyatan, saha data ingkang dipunpundhut langkung jangkep.

*Observasi berperan serta* wonten ing panaliten menika ngandharaken bilih panaliti kedah tumut langsung anggenipun mundhut data. Wiwit proses ingkang sepisan dumugi pungkasaning tradhisi. Saking *observasi* menika panaliti saged manggihaken data langkung kathah, jangkep saha sistematis.

*2. Wawancara Mendalam*

Miturut Herdiyansyah (2010: 64) ingkang dipunwastani wawancara inggih menika teknik pangempalan data ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken katrangan lisan saking pawicantenan kalihan *informan*. Wawancara mendalam menika wigati sanget minangka data *kulitatif* saha anggenipun nyerat panaliten. Wawancara mendalam kedahipun dipuntindakaken kanthi luwes, mboten grusa-grusu saha migunakaken dhasar menapa ingkang badhe dipunsuwunaken pirsa kalihan narasumber. Cara kados menika supados panaliti saha narasumber saged wicantenan kanthi pamrayogi, saengga angsal *informasi* ingkang cetha saha jangkep.

Anggenipun wawancara mendalam kedah migunakaken piranti kangge nyengkuyung panaliten, piranti ingkang dipunginakaken kadas ta:

a. Buku cathetan: buku cathetan menika dipunginakaken kangge nyerat sedaya pacelathon asil wawancara kalihan *narasumber*.
b. Tape recorder: tape recorder dipunginakaken kangge ngrekam sedaya pacelathon saking *narasumber* supados data saking wawancara kasimpen kanthi sae, saha nggampilaken anggenipun ngasilaken tulisan.

c. Kamera: kamera dipunginakaken panaliti kangge mundhut gambar saking *sumber data* supados tingkat *keablann* data ingkang dipunpundhut langkung sae.

3. *Dokumentasi*

Dokumen minangka cathetan prastawa ingkang sampun kalampahan. Dokumen saged awujud tulisan, gambar, rekaman, utawi karya-karya *monumental* saking tiyang gesang. Studi dokumen menika minangka jejangkeping saking metode *observasi* sahawawancara wonten ing panaliten *kualitatif* (Sugiyono, 2015: 240). Migunakaken metode dokumentasi menika saged nyengkuyung anggenipun ngempalaken data saking mapinten-pinten sumber. Metode menika ugi saged nyengkuyung *keablann* data wonten ing panaliten *kualitatif*.

## E. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten inggih menika panaliti piyambak utawi *human instrument*. Gulo (2002: 123) ngandharaken bilih instrument panaliten inggih menika pandom kangge *wawancara, pengamatan*, utawi wawancara ingkang sampun dipunsamektakaken kangge madosi informasi saking narasumber. Panaliti minangka *human instrument* pramila migunakaken piranti kangge nyengkuyung anggenipun panaliten, inggih menika:

1. Buku kangge nyerat panaliten
2. Kamera, kangge mundhut gambar ing salebeting adicara
3. Piranti kangge ngrekam swanten saking wawancara
4. *Handycamp* kangge ngrekam sedaya rantamaning adicara.

## F. Caranipun Nganalisis Data

Teknik analisis data ingkang dipunginakaken salebeting panaliten inggih menika teknik analisis data induktif. Miturut Endraswara (2006:215) *ngandharaken* bilih "*analisis data induktif bertujuan untuk memperjelas informasi yang masuk, melalui proses unitisasi dan kategorisasi.*"

Ingkang dipunkajengaken saking pamanggih wonten ing nginggil inggih menika analisis data induktif gadhah ancas kangge nyethakakaken informasi ingkang mlebet kanthi proses *unitisasi* saha dipunlajengaken *kategorisasi.* Sumber ingkang sampun dipunpanggihaken saking asiling wawancara, cathetan lapangan ingkang sampun dipunserat saking pengamatan langsung, *dokumen* pribadi, *dokumen* resmi, poto, gambar, saha sapanunggalanipun. Cara salajengipun sesampunipun sedaya data dipun-*telaah* panaliti nglampahi proses *reduksi data* kanthi cara *abstraksi. Abstraksi* dipunlampahi kangge manggihaken dudutan saking data ingkang sampun dipunkempalaken, lajeng data kalawau *dikategorisasikan.*

Saking panaliten menika teknik analisis data ingkang dipulampahi kanthi cara manggihaken sedaya data ingkang awujud asiling wawancara, cathetan lapangan, dokumen-dokumen, poto, gambar saha sapanunggalanipun lajeng saking sedaya data kala wau dipun-*telaah* supados saged manggihaken asiling *abstraksi*. *Abstraksi* menika usaha ndamel dudutan, salajengipun dudutan kala wau *dikategorisasikan* miturut kelompokipun. Pungkasanipun, data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipunandharaken kalihan gambar saha katranganipun kanthi runtut saha cetha, supados prakawis ingkang dipuntliti saged

dipunbabar kanthi cetha saha jangkep.

## G. Caranipun Ngesahaken Data

Ngesahaken data dipunginakaken kangge nliti malih kaleresan data ingkang sampun dipunpundhut wonten panaliten. Cara ngesahaken data wonten panaliten menika migunakaken *teknik triangulasi*. Teknik *triangulasi* inggih menika teknik ngempalaken data kanthi cara dadosaken setunggal saking mapinten-pinten teknik pangesahan data saha sumber data. Teknik menika migunakaken data ingkang beda kangge manggihaken data saking sumber ingkang sami (Sugiyono, 2015: 241).

Andharan wonten ing nginggil dipunsengkuyung pamanggih miturut Endraswara (2006: 219) ngandharaken bilih, *triangulasi* inggih menika cara ngempalaken data saking maneka warni narasumber, nanging taksih ngandharaken informasi ingkang sami supados saged dipundadosaken tandhingan kalihan data panaliten. Teknik *triangulas*i ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih triangulasi sumber saha *triangulasi* metode.

Teknik *triangulasi sumber* inggih menika bandingaken asiling *wawancara* saking *informan* satunggal kalihan *informan* sanesipun. *Triangulasi* salajengipun inggih menika *triangulasi metode*. *Tringulasi metode* inggih menika *metode* kanthi cara dadosaken setunggal asiling *wawancara* kanthi pengamatan langsung. *Data* kalawau ugi dipunsengkuyung kalihan *dokumentasi* ingkang wonten ing cathetan-cathetan kaserat, *photo* ugi *video.*

# BAB IV
# ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

## A. Andharan Setting Panaliten

1. Andharan Papan Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Papan Upacara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika wonten alun-alun kabupaten Magetan. Ewadene kabupaten Magetan menika wonten lereng redi Lawu ingkang mapan wonten sisih pucuking kilen propinsi Jawa Timur. Wiyaripun Kabupaten Magetan menika 688,85 $Km^2$ ingkang kaperang dados 28.297,24 Ha menika lemah saben saha 39.587,50 Ha lemah garing. Kabupaten Magetan dipunwatesi dening tlatah kados ing ngandhap menika,

a. Wates sisih kilen inggih menika Kabupaten Karanganyar (Jawa Tengah)
b. Wates sisih ler inggih menika Kabupaten Ngawi
c. Wates sisih kidul inggih menika kabupatene Ponorogo (Jawa Timur) saha kabupaten Wonogiri (Jawa Tengah)
d. Wates sisih wetan inggih menika Kabupaten Madiun saha Kitha Madiun

Tlatah wonten ing kabupaten Magetan menika kaperanag dados 18 kecamatan, 208 desa, saha 27 kelurahan. Dene kecamatan woten ing Kabupaten Magetan inggih menika Kecamatan Barat, Kecamatan Bendo, Kecamatan Karangrejo, Kecamatan Karas, Kecamatan Kartoharjo, Kecamatan Kawedanan, Kecamatan Lembeyan, Kecamatan Magetan, Kecamatan Maospati, Kecamatan Ngariboyo, Kecamatan Nguntoronadi, Kecamatan Panekan, Kecamatan Parang, Kecamatan Plaosan, Kecamatan Poncol, Kecamatan Sidorejo, Kecamatan Sukomoro, Kecamatan Takeran.




Gambar 2. Peta Kabupaten Magetan
Sumber: Google

2. Paraga Upacara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Sedaya lampahan tradhsisi menika mbetahaken paraga utawi partisipan kangge nyengkuyung adicara supados kalampahan kanthi lancer. Paraga wonten ing Upacara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika sedaya masarakat kabupaten Magetan, saha masarakat sanes saking sakiwa tengenipun Kabupaten Magetan.

Kangge mangertosi kawontenanipun paraga Upacara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan, wonten ing bab gunggungipun warga, pakaryan, saha sistem religi badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

a. Gunggungipun Warga

Adhedhasar data saking badan Pusat Statistik Kabupatem Magetan, gungungipun warga ing kabupaten Magetan wonten 685,182 tiyang.  ingkang dipunperang dados 349,106 piyantun putri, 336,076 piyantun kakung. Tabel gungungipun warga kalingal saking yuswanipun kados ing ngandhap menika.

| No. | Kelompok Yuswa | Kakung | Putri | Gunggung |
|---|---|---|---|---|
| 1. | 00-04 | 18,907 | 17,909 | 36,816 |
| 2. | 05-09 | 23,537 | 22,441 | 45,978 |
| 3. | 10-14 | 22,878 | 21,602 | 44,480 |
| 4. | 15-19 | 23,235 | 22,159 | 45,394 |
| 5. | 20-24 | 23,116 | 22,425 | 45,541 |
| 6. | 25-29 | 21,663 | 21,391 | 43,054 |
| 7. | 30-34 | 24,380 | 24,772 | 49,152 |
| 8. | 35-39 | 26,617 | 26,611 | 53,228 |
| 9. | 40-44 | 24,991 | 25,383 | 50,374 |
| 10. | 45-49 | 25,083 | 26,136 | 51,219 |
| 11. | 50-54 | 22,070 | 24,751 | 46,821 |
| 12. | 55-59 | 21,687 | 23,687 | 45,374 |
| 13. | 60-64 | 18,885 | 20,078 | 38,963 |
| 14. | 65-69 | 14,883 | 15,664 | 30,547 |
| 15. | 70-74 | 8,723 | 10,877 | 19,600 |
| 16. | >=75 | 15,421 | 23.220 | 38,641 |
| Jumlah | | 336,076 | 349,106 | 685,182 |

Tabel 1. Gunggungipun Penduduk Kabupaten Magetan
Sumber: Badan Pusat Statistik Kabupaten Magetan

Saking gunggungipun warga kabupaten Magetan, ingkang tumut nyengkuyung adicara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu inggih menika sedaya warga masarakat ingkang yuswanipun 4 dugi 60 warsa.

b. Padamelan Warga Kabupaten Magetan

Padamelan saking masarakat kabupaten Magetan ingkang nindakaken tradhisi menika meneka warni jinisipun kadas ta ing ngandhap menika.

| No. | Padamelan | Gunggung |
|---|---|---|
| 1. | Petani/ Pekebun | 85,915 |
| 2. | Wiraswasta | 64,542 |
| 3. | Karyawan Swasta | 19,841 |
| 4. | Buruh Tani/ Perkebunan | 8,584 |
| 5. | Pensiunan | 7,029 |
| 6. | Mengurus Rumah Tangga | 5,724 |
| 7. | TNI/ POLRI | 4,230 |
| 8. | Perdagangan | 4,764 |
| 9. | Buruh Harian Lepas | 1,944 |
| 10. | Guru/ Dosen | 2,065 |
| 11. | Sopir | 1,370 |
| 12. | Pedagang | 3,013 |
| 13 | Perangkat Desa | 2,037 |
| 14. | Lain-lain | 17,752 |
| Jumlah | | 211,058 |

Tabel 2. Padamelan Masarakat Kabupaten Magetan
Sumber : Dinas Kependudukan dan Catatan Sipil Kabupaten Magetan

Saking gunggungipun warga kabupaten Magetan, menawi dipuntingali saking padamelanipun masarakat wonten ingkang dados tani/ pekebun, pensiunan, Pegawai Negeri Sipil (PNS), ngurus rumah tangga, TNI/ POLRI, perdagangan, burh harian lepas, guru/ dosen, sopir, dagang, saha perangkat desa. Tiyang ingkang tumut nyengkuyung adicara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika saking sedaya latar belakang mboten ningali padamelanipun. Sedaya masarakat kempal dados setunggal wonten ing alun-alun kabupaten Magetan.

c. Sistem Religi

Sistem religi masarakat Kabuaten Magetan menika maneka warna, anannging saperangan ageng ngrasuk agami Islam ingkang gunggungipun 667.690 tiyang. Ewadene wonten masarakat Magetan ingkang ngrasuk agami sanes, kadas ta Katholik 1.628 tiyang, Kristen 5.136 tiyang, Hindu 110 Tiyang, Budha 562 tiyang, saha ingkang ngrasuk sanes-sanesipun 56 tiyang. Gunggungipun masarakat kabupaten Magetan miturut agaminipun saged dipuntingali wonten tabel ing ngandhap menika.

| No. | Agami | Gunggung |
|---|---|---|
| 1. | Islam | 677.690 |
| 2. | Kristen | 5.136 |
| 3. | Khatolik | 1.628 |
| 4. | Hindu | 110 |
| 5. | Budha | 562 |
| 6. | Konghuchu | 39 |
| 7. | Aliran Kepercayaan | 17 |
| Jumlah | | 685.182 |

Tabel 3. Sistem Religi Masarakat Kabupaten Magetan
Sumber: Dinas Kependudukan dan catatan Sipil Kabupaten Magetan

Gunggungipun masarakat kabupaten Magetan ingkang ngrasuk agami Islam langkung kathah, nanging mboten dadosaken tradhisi menika beda-bedakaken sinten kemawon ingkang saged dados paraga utawi *partisipan*. Tradhisi menika dipunlampahi kangge ngraketaken sedaya masarakat kabupaten Magetan, tanpa ningali *latar belakang* agaminipun. Ancas saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika boten sanes kangge nglestantunaken budaya Jawi supados

sedaya masarakat Magetan menika boten kesupen kaliyan kabudayanipun saha kangge ngindhakaken saking segi ekonomi saha *pendapatan* daerah kabupaten Magetan.

3. Titilaksananing Upacara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing Kabupaten Magetan dipunlampahi setunggal taun sepisan. Panaliten menika mundhut data saking upacara tradhisi ingkang dipunlampahi ing warsa 2017, mliginipun wulan Oktober 2017. Tradhisi menika sampun kalampahan kaping nembelas (16) ingkang dipunwiwiti taun 2002 kapungkur. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 04.*

> *"Awal mula ide untuk tradhisi ini sekitar tahun 2000-an. Tetapi pertama kali dilaksanakan itu tahun 2002." (CLW: 04)*

Kramanipun ;

> *"Ide kangge tradhisi menika dipunwiwiti warsa 2000-an, nanging saged kalampahan ingkang sepisan menika warsa 2002."(CLW: 04)*

Andharan menika ugi dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03.*

> *"Tradhisi ini awal dilaksanakannya tahun 2002." (CLW: 03)*

Kramanipun :

> *"Tradhisi menika dipunlampahi warsa 2002."(CLW: 03)*

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika katindakaken wonten ing wulan Sura kawiwitan taun 2002. Ancas dipuntindakaken tradhisi menika para pamanggih gadhah pangajab supados sedaya masarakat Kabupaten Magetan saged nguri-uri saha nglestantunaken budaya Jawi. Sanesipun, para *informan* ugi ngandharaken bilih dipunwontenaken

tradhisi menika kangge nepangaken kabupaten Magetan mliginipun saking segi budaya saha pariwisata.

## B. *Asal-usul* Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika dipunwiwiti warsa 2002. Asal usul saking tradhisi menika kawiwitan saking pamanggih tokoh masarakat ingkang badhe nguri-nguri kabudayan Jawi saha badhe nepangaken *produk khas* saking daerah Magetan. Saking dhasar kala wau saperangan tokoh masarakat ngrembag kegiyatan menapa ingkang saged nguri-uri kabudayan jawi saha saged nepangaken kabupaten Magetan dening sedaya masarakat njawinipun kabupaten. Ewadene, saking dipunwontenaken tradhisi menika ugi saged ngindhakaken APBD kabupaten Magetan, ekonomi sedaya masarakat Magetan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan *informan* 04.

> *"Asal usul tradhisi itu yang jelas selain untuk nguri-*uri *kebudayaan jawa, sebenarnya kita ingin mengangkat hasil produk khas Magetan, saat itu roti bolu sebenarnya sudah hampir punah. Setelah adanya tradhisi ini makanan roti bolu kembali berkembang. Kalau jaman dulu roti bolu pasti ada disetiap tempat orang hajatan dan orang meninggal, setelah berkembangnya jaman roti itu hampir punah. Setelah adanya tradhisi ini roti bolu kembali membudaya. Disamping itu juga mengangkat hasil produk Magetan, makanya di tradhisi ini juga ada anting, cething, dan sebagainya untuk meningkatkan ekonomi kerakyatan. Dan sekarang ditambah dengan adanya tumpeng palawija yang berisi sayur mayur. Kalau dulu hanya ada bolu yang dibentuk lesung, bedhug, gong, tumpeng gunungan dan judhang. Kenapa ada bentuk jodhang karena untuk mengangkat tradhisi Magetan, dulu nek lamaran mesthi bawa jodhang isinya sandhang pangan sak lumahe bumi sak kureping langit." (CLW: 04)*

Kramanipun :

> *"Mula bukanipun tradhisi menika ingkang sepisan badhe nguri-*uri *kabudayan jawi, sanesipun badhe nepangaken asiling produk khas saking*

> *kabupaten Magetan, rikala semanten roti bolu menika sampun badhe ical saking sabendintenan. Sesampunipun wonten tradhisi menika roti bolu lestantun malih. Menawi jaman rumiyin, roti bolu menika mesthi wonten ing papanipun tiyang ingkang gadhah hajat saha tiyang ingkang kepaten, owah gingsiring jaman roti bolu sampun kirang. Sanesipun malih saking wontenipun tradhisi menika saged ngindhakaken asiling produk khas Magetan, pramila ing tradhisi menika ugi wonten anting, cething, saha sapanunggalanipun saking para pengrajin Magetan. Rikala semanten namung wonten bolu ingkang awujud lesung, bedhung, gong ageng, tumpeng, jodhang. Menawi samenika dipuntambah tumpeng palawija. Menapa kok wonten bolu ingkang wujudipun jodhang? Menika ugi nglestantunaken tradhisi saking Magetan, jaman rumiyin menawi badhe lamaran mesthi mbeta judhang ingkang isinipun pangan sak lumahe bumi sak kureping langit." (CLW: 04)*

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 05.

> *"Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika mula bukanipun kawiwitan wonten ing taun 2000. Tradhisi menika kawiwitan saking pamanggih para seniman, tokoh agama, pemerintah, saha tokoh masarakat ingkang gadhah ancas badhe manggihaken tradhisi jawa ingkang wonten ing masarakat menika saged rembaka malih kanthi tata cara ingkang langkung narik kawigatosan supados masarakat antusias anggenipun nyengkuyung tradhisi menika." (CLW: 05)*

Adhedhasar pratelan saking *informan* 04 saha 05 menika menawi tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu gadhah ancas kangge nguri-uri kabudayan Jawi. Wonten ing kabupaten Magetan, rikala semanten taksih kirang anggenipun nguri-nguri kabudayan. Pramila dipunwontenaken tradhisi jawa ingkang tata cara lampahanipun saged narik kawigatosan saking warga masarakat Magetan. Tradhisi menika migunakaken piranti ingkang utama yaiku roti bolu. Roti bolu minangka dhaharan khas saking Magetan badhe dipuntepangaken kalihan sedaya masarakat ing njawinipun Magetan. Roti bolu dipunwujudaken dados bentuk lesung, bedhung, gong ageng, saha jodhang.

Roti bolu ingkang dipuntata awujud lesung, bedhug, gong ageng saha jodhang gadhah makna piyambak-piyambak. Andharan menika jumbuh kalihan *informan* 05.

> *"Saking wujud-wujud kala wau gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesangan masarakat mliginipun kabupaten Magetan bilih wujud tumpeng menika gadhah teges manunggaling cipta rasa budi karsa bebrayan masarakat Magetan dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Lesung minangka piranti tradhisional negesaken budaya asli Jawi saking para sesepuh. Bedhug negesaken budaya Islami ingkang saged dados setunggal kalihan budaya Jawi. Gong ageng minangka simbol saking gamesahaJawi negesaken rembakanipun seni wonten ing Kabupaten Magetan. Saha jodhang ingkang negesaken menawi masarakat Magetan remen "dana" paring kalihan tiyang sanes utawi tiyang ingkang langkung betahaken. Sedaya pralambang kala wau ngandharaken bilih manungsa kedah emut kalihan asal-usul, agama, saha budayanipun piyambak-piyambak."(CLW: 05)*

Andharan kala wau dipunsengkuyung saking pratelan *informan* 04.

> *"Nilai tradhisinya, Magetan itu kan penghasil gong di daerah Kauman itu. Lalu lesung itu dulu alat tradhisional Magetan untuk mnumbuk padi dan memanggil masyarakat ketika ada orang meninggal, gerhana, dan hajatan. Bedhug itu diambil dari budaya Islam. Jadi lesung, bedhug, gong itu harus ada ditambah judhang. Tumpeng gunungan lambang untuk mengerucutkan satu kesepakatan."(CLW: 04)*

Kramanipun :

> *"Nilai tradhisinipun, Magetan menika kitha penghasil gong ing daerah Kauman. Lajeng, lesung menika rikala semanten minangka piranti tradhisioal mageta kangge numbuk pari saha nimbali masarakat menawi wonten tiyang seda, gerhana, saha hajatan. Bedhug dipunpundhut saking kabudayan Islam. Dados lesung, bedhug, gong menika kedah wonten ing tradhisi dipuntambahi kalihan jodhang. "Menawi tumpeng gunungan menika lambang kangge ndadosaken setunggal saperangan prakawis."(CLW: 04)*

Andharan saking pratelan *informan* 05 saha 04 saged dipunpundhut dudutan bilih tradhisi andum berkah bolu rahayu menika migunakaken piranti utama inggih menika roti bolu. Roti bolu minangka dhaharan *khas* saking

kabupaten Magetan, rikala semanten sampun kirang lestantun. Pramila dipunwontenaken tradhisi menika, lajeng roti bolu minagka piranti ingkang utama dipuntata awujud lesung, bedhung, gong ageng, tumpeng, saha jodhang. Wujud ingkang beda saking roti bolu menika gadhah makna piyambak-piyambak ingkang gayut kalihan pagesangan masarakat Magetan. Ingkang sepisan awujud lesung, lesung minangka piranti tradhisional masarakat Magetan ingkang dipunginakaken kangge numbuk pari ingkang owah gingsiring jaman radi suda amargi kalah kalihan piranti-piranti modern migunakaken mesin.

Nomer kalih bedhug, bedhug dipunpundhut saking tradhisi Islam. Bedhug asring dipunginakaken kangge nimbali tiyang wonten ing sakiwa tengenipun saged dados setunggal kalihan budaya Jawi. Nomer tiga bolu awujud gong ageng, gong angeng minangka simbol saking kabudayan Jawi wonten ing kabupaten Magetan. Wonten ing kabupaten Magetan mliginipun daerah Kauman minangka daerah pengrajin gong. Gong ugi dados lambang rasa saking manungsa Jawi. Salajengipun awujud tumpeng utawi gunungan, menika maknanipun sedaya tiyang gesang menawi gadhah prakawis ancasipun sami nyuwun dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Pungkasanipun awujud jodhang, wujud menika ugi simbol saking tradhisi saking masarakat kabupaten Magetan.

## C. Prosesi Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

1. Cecawis Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Sedaya lampahan upacara trahisi menika mesthinipun mbetahaken cecawis. Cecawis menika antawisipun cecawis kanthi pandhapuking panawung

kridha, cecawis papan, cecawis piranti, saha cecawis ubarampe. Cecawis-cecawis kasebut dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Cecawis kanthi Pandhapuking Panawung Kridha

Adicara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu mnika dipunwiwiti kanthi pandhapuking panawung kridha utawi panitia ingkang manggen wonten ing Dinas Pariwisata saha Kebudayan (Disparbud*)* kabupaten Magetan. pandhapuking panawung kridha menika dipunwontenaken wiwit tiga wulan saderengipun adicara dipunlampahi. Ewadene sanesipun panawung kridha, adicara menika dipunsengkuyung dening para pegawe pamerentahan saha sedaya masarakat kabupaten Magetan. Pamerentahan saha sedaya masarakat sami gotong royong anggenipun nindakaken adicara menika supados kalampahan kanthi lancar.

b. Cecawis Papan

Saderengipun Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika kalampahan, setunggal dinten saderengipun dipunwotenaken adicara malem tirakatan. Adicara malem tirakatan menika kalampahan dinten Minggu 8 Oktober 2017 wonten ing pendhapa kabupaten Magetan. Adicara dipunwiwiti tabuh 19.00 WIB dugi tabuh 21.00 WIB. Pendhapa kabupaten menika mapan wonten ing sisih kidul alun-alun Magetan.

Salajengipun papan ingkang dipunsamektakaken kangge rerangkening adicara Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu inggih

menika papan utawi *rute* kangge kirab Nayaka Praja, papan kangge seni ledhug wonten ing sisih kilen alun-alun, papan kangge sendra tari saha prosesi andum berkah bolu rahayu wonten ing alun-alun kabupaten Magetan.

c. Cecawis Ubarampe saha Sajen

Salebeting upacara tradhisi mesthi migunakaken ubarampe saha sajen ingkang dados jejangkeping anggenipun nglampahi Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Ubarampe saha sajen wonten ing tradhisi menika ingkang utama roti bolu. Roti bolu awujud gong, lesung, bedhug, gunungan, saha gunungan palawija. Ubarampe sanesipun ingkang dipunwastani sesajen wonten ing malem tirakatan arupi tumpeng ingkang migunakaken bolu kalihan lele ingkang dipunwalik, gedhang setangkep, sekar setaman, sekar telon, jenang pancawarna, jajanan pasar, takir utawi cok bakal, padupan, sekar kalak lam mlathi, degan ijo, rokok jawa, tigan 3 kakum ing warih.

1) Bolu Awujud Lesung, Bedhug, Gong Ageng, Gunungan saha Jodhang

Roti bolu inggih menika minangka salah satunggaling ubarampe ingkang kedah dipunsamektakaken ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Bolu ingkang dipunsamektakaken menika mboten namung setunggal wujud, nanging dipunwujudaken dados gangsal ingkang beda-beda. Wujud saking roti bolu menika wonten gangsal inggih menika wujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, saha jodhang.

Roti bolu ingkang wujudipun beda-beda ugi gadhah makna saha kekarepan ingkag beda. Bolu menika minangka ubarampe utami wonten ing tradhisi andum berkah bolu rahayu. Roti bolu minangka dhaharan khas saking kabupaten Magetan, mila dipundadosaken *icon* ingkang dipunandum dening masarkat minangka identitas saking kabupaten Magetan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 01.

> *"Alasan jelasnya kenapa menggunakan bolu saya kurang tahu ya mbak, tapi dengan menggunakan roti bolu dapat meningkatkan dari segi ekonomi masyarakat Magetan. Karena disini itu banyak pabrik pembuat roti bolu dan merupakan salah satu makanan khas dari kabupaten Magetan."(CLW: 01)*

Kramanipun :

> *"Alasan cethanipun kula kirang ngerti mbak, nanging menawi migunakaken roti bolus aged ngindhakaken ekonomi saking masarakat Magetan. Amargi wonten ing mriki kathah pabrik bolu sahabolu menika salah setunggal jajanan khas saking kabupaten Magetan."(CLW:01)*

Kabupaten Magetan menika saestunipun kathah industri rumah tangga ingkang damel roti bolu. Pramila, dipunwontenaken tradhisi andum berkah bolu rahayu kangge ngindhakaken *ekonomi* masarakat kabupaten Magetan. Andharan menika dipunsengkuyung pratelanipun informan 03.

> *"Khususnya kenapa menggunakan bolu, dari saya belum lahir sampai sekarang roti bolu itu sudah ada dan merupakan makanan khas di kabupaten Magetan. Banyak tempat-tempat di Magetan yang membuat roti bolu, seperti di daerah Cepoko, Nitikan, dan masih banyak lagi. Oleh karena itu kita membuat sebuah tradhisi yang menyajikan hasil bumi dan hasil bumi dari Magetan itu banyak sekali khususnya bolu karena bolu ini makanan yang disajikan pada banyak orang."(CLW: 03)*

Kramanipun:

> *"Khusus-ipun kenging menapa migunakaken bolu, saking kula dereng wonten ing donya dugi samenika roti bilu sampun wonte ing Magetan. Kathah papan ing Magetan ingkang damel roti bolu, kadas ta Cepoko, Nitiikan, saha taksih kathah malih. Pramila pemerentah kabupaten Magetan menika damel tradhisi ingkang menyajikan asil bumi saha asil bumi saking Magetan menika kathah sanget, salah satunggalipun nggih roti bolu. Amargi bolu minangka dhaharan khas ingkang dipunsamektakaken tiyang menawi gadhah hajat.:(CLW: 03)*



Gambar 3. Wujud saking Roti Bolu
Sumber : *doc.* Afrinka

Roti bolu ingkang gadhah wujud beda-beda menika gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesanganipun manungsa. Saben taun tradhisi menika kalampahan, wujud bolu ingkang dipundamel kedah sami ingkang gunggungipun wonten gangsal wujud. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 05.

> *"Wujud saking roti bolu menika dipuntata gayut kalihan tradhisi saderengipun, inggih menika awujud tumpeng, lesung, bedhug, gong ageng, saha jodhang. Saking wujud-wujud kala wau gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesangan masarakat mliginipun kabupaten Magetan."(CLW: 05)*

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih roti bolu menika minangka ubarampe ingkang utami wonten ing tradhisi andum berkah Bolu Rahayu. Bolu ugi dipunwujudaken kanthi wujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan/ tumpeng, saha jodhang.

Cecawis ubarampe roti bolu ingkang awujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, saha jodhang badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika. Wujud roti bolu ingkang beda-beda menika dipunwiwiti kanthi ndamel roti bolunipun rumiyin. Damel bolu ingkang dipunginakakaken kangge tradhisi menika wekdalipun setunggal minggu saderengipun tradhisi kalampahan. Bahan ingkang dipunginakaken kangge damel roti bolu menika wonten tigan, gendhis, glepung, kulit jeruk purut, mertega.

a) Tigan dipunpecah dipundadosaken setunggal

   Tigan dipunpecah dipundadosaken setunggal wonten wadhah. Tigan ingkang dipunbetahaken kangge damel gangsal wujud bolu menika kirang langkung kalih kwintal

b) Tigan dipun-*mixer* kalihan gendhis

   Sesampunnipun tigan dipundadosaken setunggal, tigan dipunmixer kalihan gendhis ngantos dados adonan kangge damel roti bolu.

c) Adonan bolu dipuntambah glepung kalihan parutan kulit jeruk purut

Sesampunipun dados adonan ingkang wujudipun kados *cream* roti, adonan dipuntambahi glepung kalihan *parutan* kulit jeruk purut.

d) Cetakan bolu dipunpanasi saha diolesi mertega

Adonan ingkang sampun *campur* dados setunggal, menawi sapun dipuncetak migunakaken cetakan roti bolu. Saderengipun bolu dicetak, cetakan dipunpanasi rumiyin sahadiolesi mertega.



Gambar 4. Adonan Bolu Dipun-*cetak*
Sumber: doc. Afrinka

*e)* Adonan dipuncetak lajeng dipun-*oven*

Sesampunipun cetakan bolu panas, adonan dipunlebetaken cetakan ingkang sampun samekta lajeng dipunoven dugi roti bolunipun ngembang.

Roti bolu ingkang sampun dados dipuntata wonten lagrangan ingkang awujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, saha

jodhang. Roti bolu ingkang dipuntata wonten lagrangan menika beda kalihan bolu ingkang dipunplastiki. Bedanipun, bolu ingkang dipunwujudaken gangsal wujud kala wau langkung kathah glepungipun amargi supados mboten ambyar menawi dipuntata. Roti bolu ingkang dipunginakaken ndamel wujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, saha jodhang menika gunggungipun wonten sedasa ewu iji.

2) Gunungan Palawija

Gunungan palawija wonten ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu gunggungipun namung wonten setunggal, amargi saestunipun wonten ing wiwitan tradhisi mboten wonten gunungan palawija. Sekawan taun wiwit taun 2014 gunungan palawija nembe wonte ing saben tradhisi menika. Kawontenanipun gunungan palawija menika ugi lambang *persembahan* pemerentah kangge masarakat Magetan. Kejawi saking menika, kabupaten Magetan ugi minangka kitha ingkang asilipun tetanen arupi jejanganan.



Gambar 5. Gunungan Palawija
Sumber: *doc.* Afrinka

3) Sajen

Sajen inggih menika wujud ubarampe ingkang wonten wiwit setunggal dinten saderengipun Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu kalampahan. Sajen dipunginakaken kangge ubarampe ingkang gadhah makna tartamtu. Kawotenan sajen ing tradhisi menika kadas ta gedhang raja setangkep, tumpeng panggang lele, sekar telon, sekar konyoh, sekar kalak saha mlathi, takir/ cok bakal, degan ijo, tigan tiga kakum ing warih, rokok jawa padupan, saha jenang pancawarna.



Gambar 6. Sesajen
Sumber: *doc.* Afrinka

Sajen ingkang dipunginakaken wonten ing malam tirakatan menika dipunsamektakaken dening pangarsa HPK (Himpunan Pemeluk Kepercayaan) kabupaten Magetan. Sajen menika wonten sewelas werni. Sajen dipunsamektakakaen kangge lambang utawi simbol ingkang gadhah makna gayut kalihan pagesangan manungsa.

d. Cecawis Piranti

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika ugi nyamektakaken piranti-piranti ingkang badhe dipuginakaken wonten ing tradhisi kasebut. Kawontenanipun piranti ingkang dipunsamektakaken inggih menika kendhi pertola, kreta kencana, lam mobil hias. Piranti ingkang dipunginakaken wonten ing Tradhisi Andum Berkah Bolu rahayu kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Kendhi Pertola

Kendhi pertola inggih menika salah satunggaling ubarampe ingkang dipunsamektakaken kangge tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Kendhi ingkang dipunsamektakaken gadhah warni cemeng saha dipunisi toya. Kendhi dipunhias kanthi migunakaken reroncen kembang mlathi. Kendhi ingkang sampun samekta dipunwadahi migunakaken wadah ingkang dipunhias ugi supados langkung sae anggenipun mbeta.




Gambar 7. Kendhi Pertola
Sumber : *doc*. Afrinka

2) Kreta Kencana

Kreta kencana minangka salah setunggaling piranti ingkang dipunsamektakaken kangge Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Kreta dipunginakaken dening pangarsa kabupaten Magetan inggih menika Bapak Bupati Sumantri. Kreta dipunginakaken kirab kangge

ningali sedaya masarakat kabupaten Magetan. Kreta mlampah saking ngajeng pendhopo kabupaten munyer dumugi pendhopo malih. Salajengipun Bupati Magetan tumuju ing alun-alun kabupaten. Kreta dipunsamektakaken dening Dinas Kabudayaan saha Pariwisata.



Gambar 8. Bupati Magetan kalihan Garwa Nitih Kreta Kencana
Sumber: doc. Afrinka

3) *Mobil Hias*

*Mobil hias* inggih menika mobil ingkang dipuntata migunakaken ubarampe-ubarampe tartamtu kangge narik kawigatosanipun masarakat Magetan. Mobil hias menika ugi salah setunggaling piranti ingkang dipunsamektakaken dening Disparbud, dipunginakaken kangge wadah sedaya bolu ingkang badhe dipunkirab.



Gambar 9.Mobil Hias
Sumber: *doc.* Afrinka

Mobil hias dipunginakaken kangge ngirab sedaya bolu ingkang badhe dipunandum dening sedaya masarakat Magetan wonten ing alun-alun. Mobil menika saben taunipun kedah wonten amargi saderengipun bolu dipunarak tumuju alun-alun dening sedaya paraga, bolu dipunarak munyer kitha Magetan.

2. Lampahing Prosesi Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

a. Pagelaran Seni Ledhug

Rerangkening adicara saderengipun tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu inggih menika pagelaran seni ledhug sura. Pagelaran seni ledhug sura menika dipunwontenaken setunggal minggu saderengipun tradhisi dipunlampahi, inggih menika dinten Selasa tanggal 3 Oktober 2017 wiwit tabuh setunggal siyang ngantos sedasa dalu. Dipunwontenaken pagelaran seni ledhug menika kangge nguri-uri kabudayan Jawi.

Lesung saha bedhug dipundadosaken setunggal supados ngasilaken swanten ingkang endah kangge pamirengipun. Pasarta saking pagelaran seni ledhug menika sedaya kecamatan ingkang wonten kabupaten Magetan. Saben kecamatan paring pasugatan kanthi tema beda-beda, nanging piranti utama ingkang dipunginakaken lesung saha bedhug. Salah satunggaling kecamatan inggih menika kecamatan Barat paring pasugatan kanthi tema dumadine desa Purwadadi.

Pagelaran seni ledhug menika dipunbikak dening Bupati Magetan saha dipunrawuhi dening sedaya masarakat kabupaten Magetan. Rerangkening adicara menika wonten gayutipun kalihan tradhisi andum berkah bolu rahayu. Pramila pagelaran ledhug menika minangka adicara rutin ingkang dipunwontenaken saben taun pisan saderengipun Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu.



Gambar 10. Pagelaran Seni Ledhug
Sumber: *doc.* Afrinka

b. Malem Tirakatan

Malem tirakatan inggih menika salah satunggaling rerangkening adicara saderengipun tradhisi andum berkah bolu rahayu. Malam tirakatan dipunlampahi dinten Minggu, tanggal 8 Oktober 2017 tabuh wolu ndalu ngantos setengah sepuluh ndalu. Adicara menika dipunlampahi wonten pendhapa kabupaten Magetan. Malem tirakatan menika dipunrawuhi para pejabat kabupaten, pangarsa dinas kebudayaan, para pangarsa *keagamaan*, saha perwakilan saking masarakat kabupaten Magetan.

Malem tirakatan menika minangka pratandha bilih adicara tradhisi andum berkah bolu rahayu badhe kalaksanan. Wonten pendhapa sedaya ubarampe ingkang badhe dipunarak kangge tradhisi sampun samekta. Malem tirakatan menika minangka adicara rutin ingkang dipunlampahi ndalu saderengipun tradhisi, ancasipun kangge paring dongo dening sedaya ubarampe mliginipun roti bolu. Roti bolu dipunparingi donga supados mbenjing menawi dipunandum dening sedaya masarakat Magetan ngandut karahayon saking Gusti ingkang Maha Kuwaos.

Roti bolu saha ubarampe sanesipun dipunparingi donga dening pangarsa MUI saha pangarsa HPK kabupaten Magetan. Pagarsa MUI paring donga kanthi maos surat Al-fatihah saha syahadat sesarengan, sesampunipun maos sareng-sareng pangarsa MUI paring dongo piyambak ing saben roti bolu. Salajengipun ingkang paring donga saking pagarsa HPK, donganipun kadas ta ing ngandhap menika.

*Sadaya kalepatan hulun, hulun nyuwun sih pangaksama saha panjenenganipun ingkang pinundi mugi kersa a hanjangkuni dhumateng panuwun sedaya.*

*Pujian : Gusti kang ngiyomi (dipunwaos sasagedipun)*



Gambar 11. Paring Donga kangge Roti Bolu
Sumber: *doc.* Afrinka

c. Pecah Kendhi Pertola

Pecah kendhi pertola inggih menika adicara wiwitan ingkang dipuntindakaken saderengipun Trahisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan. Adicara menika dipuntindakaken dening Bupati Magetan inggih menika panjenenganipun Bapak Sumantri saha pangarsa saking Dinas Kebudayaan saha Pariwisata. Pecah kendhi pertola gadhah ancas kangge nyuwun dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos supados ing taun salajengipun kabupaten Magetan paring karahayon saha keslametan. Donganipun kadas ing ngandhap menika.

*Niat ingsung kula mecah kendhi pertola isi toya nanging mecah pamoring kabupaten Magetan dadia saya kuncara memandang saendenging bawana. Bismillahirohmanirohim.*



Gambar 12. Bupati Magetan Mecah Kendhi Pertola
Sumber: *doc.* Afrinka

d. Kirab Nayaka Praja

Kirab inggih menika adicara salajengipun bibar mecah kendhi pertola. Kirab dipunlampahi dening pangarsa kabupaten Magetan sajajaranipun. Kirab menika kawastanan kirab nayaka praja. Nayaka praja inggih menika pangarsaning negara, panjenenganipun Bapak Bupati sekalihan sarta sajajaranipun. Nalika kirab nayaka praja ingkang dipunbeta inggih menika sedaya wujud roti bolu. Lampahing kirab dipunwiwiti saking ngajeng pendhapa kabupaten mubengi kitha lajeng mandheg wonten ngajeng pendhapa kabupaten malih. Rute kirab kados gambar ing ngandhap menika.




Gambar 13. Rute Kirab Nayaka Praja
Sumber : *doc.* Afrinka

Kirab nayaka praja menika gadhah ancas nginguk kawula, tegesipun para pangarsa kabupaten nginguk kahananipun masarakat Magetan. Kirab dipunlampahi wiwit tabuh 14.00 – 14.30 WIB. Pangarsa kabupaten sekalihan sarta sajajaranipun bidhal saking ngajeng pendhapa kabupaten tumuju jalan Basuki Rahmat Barat lajeng tumuju jalan Yani, saking jalan A. Yani tumuju jalan Bangka dipunlajengaken tumuju MT. Haryono, sesampunipun MT. Haryono tumuju jalan Yos Sudarso dipunlajengaken medal kali gandhong I tumuju jalan Basuki Rahmat Timur mlebet pendhapa kabupaten malih.



Gambar 14. Kirab Nayaka Praja
Sumber: *doc.* Afrinka

Sesampunipun kirab nayaka praja dipunlampahi para pangarsa kabupaten mlebet wonten papan adicara tradhisi andum berkah bolu rahayu dipunlajengaken kirab ngarak Bolu mlebet alun-alun kabupaten Magetan. Kirab ngarak bolu mlebet alun-alun menika dipunlampahi dening paraga ingkang sampun kapilih saking Dinas Kabudayan.



Gambar 15. Kirab Bolu Rahayu
Sumber: *doc.* Afrinka

e. Pasugatan seni

Pasugatan seni menika minangka adicara saderengipun tradhisi andum berkah bolu rahayu kalampahan. Pasugatan seni dipuntidakaken dening para pambeksa saking pelajar ing kabupaten Magetan. Pasugatan seni arupi beksan kreasi. Pasugatan seni menika minangka adicara hiburan kangge sedaya masarakat Magetan ingkang sampun tumut nyengkuyung adicara tradhisi menika kanthi lancar.



Gambar 16. Pasugatan Seni Tari Kreasi
Sumber: *doc.* Afrinka

Pasugatan seni menika adicara ingkang mesthi wonten saben taunipun, minangka rerangkening adicara tradhisi andum berkah bolu rahayu. Kawontenanipun pasugatan seni menika masarakat Magetan saged tepang kalihan seni tradhisional ingkang saestunipun kedah dipunuri-uri. Beksanipun menika minangka beksan kreasi kanthi irah-irahan beksa jalak lawu, gebyar gunung lawu, saha beksan bandol.

f. Andum Berkah Bolu Rahayu

Lampahing tradhisi menika ingkang pungkasan inggih andum berkah bolu rahayu. Adicara menika dipunwiwiti kanthi suwanten gamelan dipuntabuh. Bolu ingkang sampun diarak mubeng kitha Magetan dipunbetha mlebet alun-alun. Saderengipun andum bolu wonten prosesi pasrah panampi saking Bupati Magetan dening sedaya masarakat. Prosesi menika kalampahan kirang langkung gangsal menit, dipuntindakaken dening pandhega upacara kalihan Bupati Magetan. prosesi pasrah panampi kaandharaken kados ing ngandhap menika.

Pandhega Upacara: Ingkang sinuwun Kanjeng Adipati minangka Songsonging agung kadhipaten Magetan, kaparenga kawula konjuk atur wonten ing ngarsa dalem ingkang sinuwun. Ingkang setunggal kawula ngaturaken sembah bekti mugi konjuk ing ngarsa dalem. Ingkang angka kalih para kawula dalem ngaturaken ngabon-abon bulu bekti mugi konjuk. Wonten ing angka tiga, inggih awit sasana saha swasanasampun samekta. Kaparenga andum berkah bolu rahayu warsa 1951 saka utawi 1439 Hijriyah saha ambal warsa kadhipaten Magetan ingkang kaping 342 siyaga kapurwakan. Salajengipun kawula nyadhong dhawuh dalem.

Bupati : Atur palaporann tak tampa, sabanjure tindakna.

Pandhega Upacara: Dhawuh dalem sendika. Dhawuh dalem ingkang sinuwun, Kanjeng Adipati andum berkah bolu rahayu siyaga kapurwakan.

Sesampunipun adicara pasrah panampi dipunlampahi, lajeng sedaya masarakat Magetan sami ngrayah roti bolu saha gunungan palawija ingkang sampun dipunbeta ing alun-alun. Sedaya masarakat sami greget anggenipun ngrayah roti bolu saha swanten sorak-sorak saking masarakat Magetan ugi nambah gayeng swasana. Roti bolu ingkang dipunandum kalihan ingkang dados rayahan menika sampun dipunparingi donga ing malem tirakatan. Andum Berkah

Bolu Rahayu menika gadhah makna supados sedaya masarakat Magetan ingkang pikantuk roti bolu saged manggihaken karahayon saha keslametan ing pagesanganipun.



Gambar 17. Andum Berkah Bolu Rahayu
Sumber: *doc.* Afrinka

**D. Makna Simbolik Ubarampe saha Sajen**

1. Bolu Awujud Lesung

Lesung minangka ubarampe kangge numbuk pari wonten ing jaman rumiyin menika taksih dipunginakaken masarakat Kabupaten Magetan mliginupun masarakat kecamatan Sukomoro taksih migunakaken lesung supados piranti menika boten ilang ing jaman modern.

Bolu ingkang awujud lesung menika kalebet ubarampe utami utawa inti ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Bolu minangka dhaharan khas kabupaten Magetan dipundadosaken *icon inti* minangka identitas saking kabupaten Magetan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan *informan* 01.

*"Alasan jelasnya kenapa menggunakan bolu saya kurang tahu ya mbak, tapi dengan menggunakan roti bolu dapat meningkatkan dari segi ekonomi masyarakat Magetan. Karena disini itu banyak pabrik pembuat roti bolu dan merupakan salah satu makanan khas dari kabupaten Magetan."(CLW: 01)*

Kramanipun :

*"Alasan cethanipun kula kirang ngerti mbak, nanging menawi migunakaken roti bolus aged ngindhakaken ekonomi saking masarakat Magetan. Amargi wonten ing mriki kathah pabrik bolu saha bolu menika salah setunggal dhaharan khas saking kabupaten Magetan."(CLW: 01)*

Pratelan saking *informan* 01 dipunsengkuyung kalihan pratelan *informan* 04.

*"Asal usul tradhisi itu selain nguri-uri kabudayan jawa, sebenarnya kita ingin mengangkat hasil produk khas Magetan, saat itu roti bolu sebenarnya sudah hampir punah. Setelah adanya tradhisi ini makanan roti bolu kembali berkembang."(CLW: 04)*

Kramanipun :

*"Mula bukanipun tradhisi menika sanesipun kangge nguri-uri kabudayan Jawi ugi kangge ngangkat asil produk khas Magetan yaiku roti bolu. Rikala semanten sejatosipun bolu sampun radi ical, nanging sesampunipun wonten tradhisi menika roti bolu rembaka malih."(CLW: 04)*



Gambar 18. Bolu awujud Lesung
Sumber: *doc.* Afrinka

Bolu awujud lesung kedah wonten ing tradhisi menika. Lesung ingkang dados lambang saking tradhisi masarakat kabupaten Magetan badhe dipunuri-uri supados boten ical saking pagesangan. Andharan menika gayut kalihan pratelan *informan* 04.

> *“Lalu lesung itu dulu alat tradhisional Magetan untuk mnumbuk padi dan memanggil masyarakat ketika ada orang meninggal, gerhana, dan hajatan.”(CLW: 04)*

Kramanipun :

> *“Lesung menika rikala semanten minangka piranti tradhisional Magetan kangge numbuk pari, nimbali masarakat menawi wonten tiyang sripah, gerhana, saha hajatan,”(CLW: 04)*

Pratelan *informan* 04 dipunsengkuyung dening pratelan *informan* 05.

> *“Lesung minangka piranti tradhisional negesaken budaya asli Jawi saking para sesepuh.”(CLW: 05)*

Andharan saking pratelan informan 04 saha05 kala wau saged dipunpundhut dudutan bilih roti bolu ingkang awujud lesung menika kedah wonten ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, amargi lesung menika minangka simbol adat jawa saha piranti tradhisional Magetan ingkang kedah dipunuri-uri supados sedaya warga boten namung migunakaken piranti modern ing jaman samenika.

2. Bolu Awujud Bedhug

Roti bolu ingkang salajengipun dipunwujudaken bedhug. Roti bolu awujud bedhug menika dados lambang saking tradhisi Islam. Wiwit jaman rumiyin para masarakat ingkang ngrasuk agami Islam migunakaken piranti bedhug kangge nimbali tiyang menawi mlebet wekdalipun ibadah. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan saking *informan* 03.

> *"Kalau bedhug itu merupakan simbol dari agama Islam. Karena mayoritas penduduk di Magetan itu beragama Islam."(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *"Menawi bedhug menika minangka lambang saking agami Islam. Amargi penduduk magetan menika langkung kathah ingkang ngrasuk agama Islam."CLW: 03)*

Andharan saking *informan* 03 jumbuh kalihan pratelan saking *informan* 05.

> *"Bedhug negesaken budaya Islami ingkang saged dados setunggal kalihan budaya Jawi."(CLW: 05)*

Roti bolu awujud bedhug saged dipuntingali wonten gambar ing ngandhap menika



Gambar 19. Bolu awujud Bedhug
Sumber: *doc.* Afrinka

Wujud bedhug ingkang mesthi dipunginakaken wiwit tradhisi ingkang sepisan dumugi samenika boten saged dipungantos kalihan wujud sanes, amargi sampun dipuntemtokaken saking asiling wawanrembug menawi wujud bolu ingkang saged dados lambang agami Islam inggih manika bedhug. Boten wonten aturan pinten gunggungipun roti bolu ingkang dipuntata dados wujud bedhug. Roti bolu awujud bedhug dipunarak mubeng kitha Magetan saderengipun mlebet wonten ing alun-alun kabupaten Magetan.

3. Bolu Awujud Gong

Bolu ingkang awujud gong ageng menika ugi salah satunggaling ubarampe ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Gong ageng inggih menika salah satunggaling gamelan tradhisi Jawi ingkang cara migunakakenipun ditabuh wonten ing pungkasaning irama. Andharan menika gayut kalihan pratelan *informan* 03.

> *“Gong simbol kesenian tradhisi dan sebagai manusia jawa itu pedomannya rasa, dan rasa itu lambangnya gong gedhe rasa itu merupakan pusat hidup, dan gong gedhe itu tempatnya dirasa.”(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *“Gong menika simbol saking seni tradhisi Jawi. Sedaya manungsa minangka tiyang Jawi menika gadhah titikan rasa. Rasa menika wonten gamelan Jawi dipunlambangaken migunakaken gong ageng. Dene, wonten manungsa, rasa menika wonten ing manah.”(CLW: 03)*



Gambar 20. Bolu awujud Gong
Sumber: Dokumentasi Afrinka

Andharan saking pratelan *informan* 03 dipunsengkuyung dening pratelan *informan* 05.

> *"Gong ageng minangka simbol saking gamelan Jawi negesaken rembakanipun seni wonten ing Kabupaten Magetan."(CLW: 05)*

Gong ageng minangka lambang *kesenian* saking tlatah Jawi ugi kabupaten Magetan taksih rembaka dugi samenika. Gong ageng menika gadhah rasa ingkang kiyat minangka dipuntabuh. Irama musik jawa boten sae menawi boten woten gong ageng. Ewadene manungsa, manungsa menika boten saged urip menawi boten gadhah rasa. Rasa minangka titikaning urip gadhah *peran* ingkang ageng wonten ing pagesangan. Sedaya prakawis menika pungkasaning wonten rasa, mekaten ugi ing musik gamelan jawa dipunpungkasi kalihan irama gong ageng. Pramila, wonten tradhisi menika kedah wonten bolu ingkang ditata awujud gong supados saged dados lambang saking pagesanganipun manungsa.

4. Bolu Awujud Gunungan

Roti bolu ingkang awujud gunungan menika ugi perangan saking ubarampe ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Bolu ingkang dipunwujudaken dados gunungan ugi gadhah makna piyambak. Makna saking gunungan menika ugi wonten gayutipun kalihan pagesangan manungsa. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 04.

> *"Tumpeng gunungan merupakan lambang untuk mengerucutkan satu kesepakatan. Manusia jika hidup berkelompok kan pasti ada perbedaan pendapat, perbedaan pendapat itu akan diselesaikan dengan musyawarah dan menimbulkan satu kesepakatan."(CLW: 04)*

Kramanipun :

> *"Tumpeng utawi gunungan minangka lambang asiling setunggal kesepakatan. Masarakat ingkang gesang wonten kelompok gadhah pamanggih ingkang beda-beda, saking pamanggih kalawau dipunrembag dugi manggihaken pamanggih ingkang sami."(CLW: 04)*



Gambar 21. Bolu awujud Gunungan
Sumber: *doc.* Afrinka

Gunungan ingkang dipunginakaken wonten ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika ugi dados lambang bilih sedaya manungsa menika gadhah kapitadosan piyambak-piyambak. Ananging saking kapitadosan ingkang beda-beda kalawau namung setunggal ingkang dipunsembah, inggih menika Gusti ingkang Maha Kuwaos. Gunungan bolu ugi kedah wonten ing saben tradhisi, amargi wujudipun menika ugi dados lambang saking pangajabipun sedaya masarakat Magetan.

5. Bolu Awujud Jodhang

Bolu awujud jodhang menika ugi salah satunggaling ubarampe ingkang kedah dipunsamektakaken ing tradhisi andum bolu. Bolu ingkang dipuntata

awujud jodhang menika gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesanganipun masarakat Magetan. rikala semanten masarakat Magetan kathah ingkang migunakaken jodhang kangge wadhah dhaharan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan saking informan 04.

> *"Kenapa ada bentuk jodhang karena untuk mengangkat tradhisi Magetan, dulu nek lamaran mesthi bawa judhang isinya sandhang pangan sak lumahe bumi sak kureping langit."(CLO: 04)*

Kramanipun :

> *"Kawontenanipun wujud jodhang menika amargi ngindhakaken nilai tradhisi Magetan, rikala semanten menawi wonten adicara lamaran mesthi migunakaken jodhang ingkang wosipun sandhang, pangan salumahe bumi sakureping langit."(CLO: 04)*

Andharan wonten nginggil dipunsengkuyung kalihan pratelan informan 05.

> *"Kalau jodhang ya, jodhang itu merupakan tempat utawa wadah makanan. Nah jodhang negesake nek asarakat magetan kuwi seneng weweh utawa suka memberi, dono. Dono kui artinnya memberi, memberi ke orang lain yang lebih membutuhkan."(CLO: 05)*

Kramanipun :

> *"Menawi jodhang, jodhang menika minangka wadhah saking dhaharan. Jodhang negesaken bilih masarakat Magetan menika remen wewe utawi nyukani kanthi dono. Dono menika maringi tiyang sanes tanpa nyuwun imbalan."(CLO: 05)*



Gambar 22. Bolu Awujud Jodhang
Sumber: *doc.* Afrinka

Jodhang menika kathah dipundinakaken kangge wadhah saking dhaharan menawi badhe dipunbeta wonten pundi kemawon. Rikala smnten taksih kathah masarakat Magetan ingkang migunakaken jodhang, nanging owah gingsiring jaman masarakat ingkang migunakaken jodhang menika suda. Kawontenanipun tradhisi menika ugi kangge nepangaken malih piranti tradhisi saking masarakat Magetan awujud jodhang menika.

6. Gunungan Palawija

Gunungan palawija ingkang tumut dipunarak nembe sekawan taun wonten ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Wiwitanipun tradhisi namung migunakaken ubarampe bolu kemawon, nanging wiwit taun 2014 dipuntambah kalihan gunungan palawija. Palawija ingkang dipundadosaken gunungan menika ugi asil saking masarakat Magetan. Kabupaten Magetan minangka kitha ingkang *iklim*-ipun sae dipunginakaken nanem maneka warna jenis sayur. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan saking *informan* 04:

> *"Dan sekarang ditambah dengan adanya gunungan palawija yang berisi sayur mayur. Dulu tidak ada, tupeng sayur ini baru sekitar 4 tahunan."(CLW: 04)*

Kramanipun :

> *"Sakmenika dipuntambah gunungan palawija ingkang wosipun sayur. Rikala semanten boten wonten, nembe wonten kirang langkung sekawan taun menika."(CLW: 04)*




Gambar 23. Gunungan Palawija
Sumber: *doc.* Afrinka

Katrangan:

| | |
|---|---|
| 1. Kubis | 5. Sawi Ijo |
| 2.Tomat | 6. Terong |
| 3. Sawi Putih | 7. Kembang Kol |
| 4. Wortel | 8. Kacang Lanjaran |

Pratelan saking *informan* 04 wonten ing nginggil dipunsengkuyung dening pratelan *informan* 03.

> *“Dulu yang dikeluarkan untuk tradhisi hanya roti bolu tapi beberapa tahu terakhir ini ditambah gunungan yang terbuat dari sayur, itu juga merupaka hasil bumi dari Magetan.(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *“Wiwitan tradhisi ubarampe ingkang dipunginakaken namung roti bolu, nanging pirang-pirang taun menika dipuntambah gunungan sayur utawi palawija. Sayur menika ugi minangka asil bumi saking kabupaten Magetan,”(CLW: 03)*

Andharan saking pratelan kalih *informan* ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih gunungan palawija menika kalebet ubarampe enggal ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Gunungan palawija dipunsamektakaken kangge ubarampe tradhisi minangka palawija menika ugi kalebet asil bumi saking Magetan. Sami kalihan ubarampe bolu, gunungan palawija ugi dipunparingi donga saderengipun tradhisi supados benjing ingkang pikantuk palawija menika pinanggihan karahayon.

7. Tumpeng Panggang Lele

Tupeng panggang lele inggih menika minangka salah satunggalipun sajen wonten ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Sajen menika wonten nalika malem tirakatan. Tumpeng panggang lele minangka sajen ingkang kedah wonten ing saben taunipun nalika badhe dipunlampahi tradhisi Andum Berkah bolu Rahayu. Sajen menika dipunsamektakaken dening para penganut kepercayaan ing kabupaten Magetan.




Gambar 24. Tumpeng Panggang Lele
Sumber: *doc.* Afrinka

Katrangan:
1. Tumpeng Panggang Lele
2. Ron Pisang
3. Bolu

Tumpeng panggang lele menika gadhah makna gayut kalihan pagesanganipun manungsa. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan* 03.

> *"Panggang/ tumpeng lele kui artinya supaya kele-*kele *atine. Harapannya manusia itu mempunyai hati yang lapang dalam segala situasi dan kondisi. Karena inti dari manusia itu semua ada di hati, di rasa."(CLW: 03)*

Kramanipun:

> *"Panggang lele utawi tumprng lele kui tegese supaya manungsa saged kele-kele atine. Pangajabipun manungsa saged gadhah manah ingkang narima ing sedaya kahanan. Amargi, inti saking sedaya tiyang gesang menika wonten ing manahipun utawi rasanipun."(CLW:03)*

Andharan wonten ing nginggil gadhah teges menawi panggangg lele menika gadhah makna supados manungsa menika gadhah manah ingkang lapang, ingkang narima. Manungsa menika taksih kathah ingkang kawon kalihan

dhirinipun piyambak. Kathah manungsa ingkang langkung migunakaken akal pikire tinimbang manah saha rasanipun.

8. Sekar Telon

Sekar telon menika minangka salah satunggaling ubarampe sajen ingkang dipunsamektakaken wonten ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, sekar inggih menika kembang, telon menika tetembungan ingkang asalipun saking tembuh telu. Sami kalihan namanipun, sekar telon menika gadhah sekar werni tiga. Kathah tradhisi Jawi ingkang migunakaken sajen sekar telon. Sekar telon menika gadhah teges ingkang gayut kalihan pagesanganipun manungsa. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

> *"Sekar telon berarti 3 dimensi manusia. Manusia itu mempunyai tiga dimensi, dalam bahasa jawa yg pertama guruloka/ bintal makmur, indraloka/ bintal mukharam, janaloka/ mukadas. Guruloka tempatnya di atas, pada manusia berada pada pikiran. Indraloka bertempat di tengah yaitu batin pada manusia. Sedangkan janaloka itu berada di bawah, pada manusia ada di sarengat atau serana."(CLW: 03)*

Kramanipun:

> *"Sekar telon menika tegesipun 3 dimensi saking manungsa. Menungsa gadhah tiga dimensi inggih menika guruloka utawi bintal makmur, indraloka utawi bintal mukharam, saha janaloka utawi mukadas. Guruloka menika papanipun wonten akal pikiran. Indraloka wonten ing batin manungsa. Janaloka wonten ing sarengatipun manungsa."(CLW: 03)*




Gambar 25. Sekar Telon
Sumber : doc. Afrinka

Katrangan:
1. Mawar
2. Kanthil
3, Kenanga

Andharan wonten nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih sajen sekar telon menika gadhah teges ingkang saged dados piranti kangge sinau dening manungsa. Telon ingkang tegesipun tiga dados lambang bilih tiyang gesang menika wonten tiga perangan ing badanipun. Ingkang sepisan inggih menika guruloka. Guruloka minangka setunggal perangan saking manungsa ingkang mapan wonten ing ndhuwur, tegesipun wonten ing akal pikire. Sedaya manungsa mesthi dipunparingi akal kangge menggalih sedaya prakawis ing pagesangan.

Nomer kalih inggih menika indraloka. Indraloka menika papanipun wonten tengah, inggih menika batin. Manungsa dipun paring batin dipunginakaken kangge menggalih sedaya prakawis. Tiyang gesang gadhah prakawis mlebet wonten ing akal pikire lajeng dipunpenggalih. Manungsa menawi gadhah prakawis lajeng dipunpenggalih migunakaken batinipun langkung sae

anggenipun manggihaken solusi. Pungkasanipun inggih menika janaloka. Janaloka menika papanipun wonten ngandhap, inggih menika sarengat utawi serana. Sarengat cekakan saking lamun sare si bapa njengat, tegesipun manungsa menika saged urip wonten ing donya saking pulang asmara.

9. Sekar Konyoh utawi Minyak Wangi

Sekar konyoh inggih menika minyak wangi. Minyak wangi dipunginakaken kangge wewangen dening manungsa. Minyak wangi wonten ing tradhisi dipunginakaken kangge wewangen ing sajen. Minyak wangi ingkang dipunginakaken boten samubarang minyak. Minyak wangi menika migunakaken minyak wangi ingkang mligunipun kangge sesajen.

Sekar konyoh utawi minyak wangi ing sajen menika ugi gadhah makna ingkang gayut kalihan pangajabipun manungsa marang Gusti. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

> *"Sekar konyoh atau minyak wangi karena disesaji itu harus ada wangi-wangian, meskiun sudah ada dupa harus ada wangi yang berwujud konyoh atau minyak. Menggambarkan kalau kita itu bersih dan wangi karna yang kita hadapi saat melakukan sesaji itu Tuhan.(CLW: 03)*

Kramanipun:

> *"Sekar konyoh utawi minyak wangi menika dipunsamektakaken kangge wewangen ing sajen. Sanadyan sampun wonten dupa ingkang wangi. Kedah wonten wewangin awujud konyoh utawi minyak. Sekar konyoh minangka simbol menawi ingkang paring sesajen menika resik saha wangi, amargi nalika paring sesajen ingkang dipunadepi Gusti. (CLW: 03)*

Pratelan saking *informan* ing nginggil gayut kalihan pagesanganipun manungsa. Sedaya manungsa ingkang badhe nindakaken ibadah utawi nyembah

ingkang Maha Kuwaos kedah resik saha wangi. Kawruh bab menika sami dipunsinau dening sedaya masarakat ingkang ngrasuk agami menapa kemawon.



Gambar 26. Minyak Wangi
Sumber: *doc.* Afrinka

10. Sekar Kalak saha Mlathi

Sekar kalak saha mlathi minangka salah satunggaling sajen ingkang wonten ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Mlathi minangka salah satunggaling jinis kembang gadhah makna kangge tradhisi ingkang badhe dipunlampahi. Mlathi ingkang dipunginakaken sajen menika maknanipun gayut kalihan cikal bakal tiyang Jawi. Andharan menika gayut kalihan pratelan *informan* 03.

> *"Sekar kalak dan mlati artinya tanda hormat kepada cikal bakal tanah jawa dan leluhur."(CLW: 03)*

Kramanipun:

*"Sekar kalak sahamlathi menika gadhah teges kangge tandha kurmat tiyang Jawi dening cikal bakalipun tlatah Jawi sahapara leluhur."(CLW: 03)*




Gambar 27. Sekar Kalak saha Mlathi
Sumber: *doc.* Afrinka

Katrangan:
1. Mlathi
2. Mawar
3. Kenanga

Sekar kalak saha mlati ingkang dipunsamektakaken menika kakum ing warih. Sesajen menika gadhah teges bilih tiyang Jawi kedah emut kalihan leluhur ingkang sampun madekakaken tlatah Jawi menika. Para leluhur gadhah peran ingkang wigati ing cikal bakalipun tlatah Jawi menika. Pramila, sedaya tiyang Jawi kedah nguri-uri kabudayan ingkang dipuntilaraken dening para leluhur.

11. Takir saha Cok Bakal

Sesajen salajengipun inggih menika takir saha cok bakal. Takir saha cok bakal manika dipunsamektakaken wekdal malem tirakatan kangge sarana nyuwun pangajab marang Gusti. Sami kalihan sesajen saderengipun, takir saha cok bakal

menika gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesangan. Takir menika dipundamel saking ron pisang ingkang dipunwujudaken kados mangkok.




Gambar 28. Takir saha cok Bakal
Sumber: *doc.* Afrinka

Katrangan:

| | | |
|---|---|---|
| 1. Lombok | 4. Mlathi | 5. Kanthil |
| 2. Tigan | 6. Miri | |
| 3. Kenanga | 7. Takir | |

Takir saha cok bakal menika sesajen ingkang gadhah teges asal-usuling tiyang gesang. Bakal menika gadhah teges calon, calon tiyang gesang. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

> *"Takir sahacok bakal melambangkan asal usul manusia. Bakal artinya calon, manusia itu pasti ada asal-usulnya. Asal-usul manusia itu dilambangkan dengan cok bakal yang isinya telur ayam kampung, mawar, melati, kenanga, kantil, lombok, dan miri."(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *"Takir saha cok bakal menika dados lambang saking asal-usulipun manungsa. Bakal menika tegesipun calon. Asal-usul saking manungsa dipunlambangaken migunakaken cok bakal ingkang wosipun tigan, ros/ mawar, mlati, kanthil, kenanga, lombok, saha miri.:(CLW: 03)*

Sesajen arupi takir sahacok bakal menika miturut andharan *informan* wonten nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih tiyang gesang menika kedah emut kalihan asal-usulipun saking pundi. Miturut panaliti cok bakal saged dados lambang cikal bakalipun tiyang gesang. Wosing cok bakal wonten ingkang arupi tigan *ayam kampung,* sekar mawar, mlati, kenanga, kanthil, miri, saha lombok. tigan menika dados lambang bilih tiyang gesang asal-usulipun kadas ta tigan. Amargi menawi dipunpirsani saking ngelmu *ilmiah,* tiyang gesang menika asilig saking *pembuahan sel telur* dening kama.

12. Gedhang Raja Setangkep

Gedhang raja setangkep minangka salah satunggaling sesajen ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ugi. Sesajen menika dipunsamektakakaen kangge nyuwun pangajab marang Gusti ingkang Maha Kuwaos. Sesajen menika dipunsamektakaken kanthi gedhang raja setunggal tangkep utawi kalih lirang. Gedhang ingkang dipunginakaken menika gedhang raja amargi supados gadhah manah ingkang ageng kadas ta raja. Gendhang raja setangkep gadhah teges bilih manungsa menika supados gadhah manah ingkang setunggal saha jodho. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

> *"Pisang raja setangkep kui ben jodho setangkep. Semua aktifitas kita itu kan mempunyai niat ben jodho, ben sukses, ben kabul."(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *"Gendhang raja setangkep kui supados jodho. Sedaya tumindak manungsa menika gadhah niat supados jodho ben sukses, ben kabul kalihan pangajabipun."(CLW: 03)*

Gedhang raja setangkep menika negesaken bilih sedaya pangajab manungsa supados saged jodho, saged kabul kalihan *niat*-ipun. Sedaya pangajab

saking manungsa kedah dipunsarengi kalihan pandonga marang Gusti. Cara nyuwun marang Gusti menika beda-beda saben tiyang, wonten ingkang nyuwun kanthi cara langsung ugi wonten ingkang migunakaken piranti ingkang dados simbol panyuwunanipun.



Gambar 29. Gedhang Raja Setangkep
Sumber: *doc.* Afrinka

13. Degan Ijo

Sesajen salajengipun inggih menika degan ijo. Degan ijo dipunsaektakaken dados sesajen, kangge tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu gadhah makna utawi teges kalihan Gusti. Degan ijo saged dipunpadosi wonten ing saben bakul degan amargi sajen menika boten kalebet sajen ingkang awis dipunpadosi. Tegesipun saking sesajen degan ijo menika kaandharaken dening pratelan *informan* 03.

> *"Degan ijo artinya penyajian yang sangat suci dan ijo lambang mendekatkan diri pada Tuhan. Air yang ada di dalam degan itu merupakan lambang air yang suci."(CLW: 03)*

Kramanipun :

*“Degan ijo gadah teges penyajian ingkang suci. Werni ijo menika lambang kangge langkung raket kalihan Gusti. Salajengipun toya ingkang wonten degan menika lambang saking toya ingkang suci.”(CLW: 03)*



Gambar 30. Degan Ijo
Sumber: *doc.* Afrinka

Andharan saking pratelan *informan* wonten nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih degan ijo menika dados lambang saking manungsa kangge ngraketaken kalihan Gusti. Toya saking degan minangka lambang saking toya ingkang suci saha resik. Manungsa ingkang badhe nyuwun menapa kemawon dening Gusti badan saha manahipun kedah suci, resik dupados Gusti remen kalihan *umat*-ipun. Ewadene, werni ijo saking degan menika lambang kangge tiyang ingkang nyembah Gustinipun.

14. Tigan 3 Kakum ing Warih

Tigan ingkang gunggugipun tiga menika dipunsamektakaken wonten ing malem tirakatan saderengipun nglampahi Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Tigan menika dipunlebetaken warih utawi toya. Tigan menika gadhah teges

manungsa wonten ing donyo menika gadhah tiga sipat inggih menika antaga, ismaya, saha bhataraguru. Andharan menika jumbuh kalihan paratelan *informan* 03.

> *"Tigan 3 kakum ing warih artinya manusia di bumi ini mempunyai sifat sanghyangan yang dibagi menjadi tiga antaga, ismaya, dan bhataraguru."(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *"Tigan tiga kakum ing warih menika tegesipun menawi manungsa gadhah tiga sipat, inggih menika antaga, ismaya, saha bhataraguru."(CLW: 03)*

Andharan ing nginggil migunakaken tigan ingkang gunggungipun tiga menika dados lambang utawi simbol menawi manungsa menika nalika lair ing donya sampun gadhah sipat sanghyangan tiga inggih menika antaga, ismaya, saha bhataraguru. Sipat-sipat kala wau gadhah teges bilih saben manungsa wiwit lair sampun mbeta sipat ingkang saged momong tiyang ingkang gadhah sipat angkara murka (antaga), mbeta sipat momong tiyang ingkang gadhah sipat satriya (ismaya), saha momong tiyang ingkang gadhah sipat dewa (bhataraguru). Tigan tiga ingkang kakum ing warih utawi toya menika gadhah teges bilih tiyang ingkang nyamektakaken sesajen menika gadhah manah ingkang anyep saha tentrem.



Gambar 31. Tigan 3 Kakum ing Warih
Sumber : *doc.* Afrinka

15. Rokok Jawa

Rokok utawi ses menika dipundamel saking mbako dipunlinting migunakaken klobot. Klobot inggih menika lembaran ingkang dipunginakaken kangge mbunteli jagung. Rokok ugi dipunsamektakaken kangge sesajen tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Rokok ingkang dipunginakaken taksih rokok ingkang dipundamel saking klobot dipunarani rokok jawa. Rokok utawi ses menika gadhah teges saking asal-usulipun manungsa saking tlatah Jawi. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

*"Rokok jawa artinya asal usul kita dari jawa."(CLW: 03)*

Kramanipun:

*"Rokok jawa menika tegesipun saking asal usuling anungsa inggih menika tlatah Jawi."(CLW: 03)*



Gambar 32. Rokok Jawa
Sumber : *doc.* Afrinka

Rokok jawa menika ugi dipunsamektakaken kangge sesajen ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Rokok jawa dados lambang bilih sedaya masarakat Magetan menika asalipun saking tlatah Jawi ingkang taksih mlebet wilayah kerajaan Mataram. Ja menika tegesipun laku saha wa gadhah teges makna, saking tembung jawa dipunandharaken bilih tiyang gesang menika menawi nglampahi pagesngan ing donya kedah mangertosi makna saha ancasipun. Pramila masarakat Magetan kedah mangertosi asal-usulipun kabupaten Magetan supados saged nguri-uri kabudayan Jawi tilaraning para leluhur. Rokok jawa ingkang dipunsamektakaken wonten tradhisi menika gunggungipun sedasa iji utawi setunggal *pack,* boten wonten titikanipun badhe nyamektakaken rokok kanthi gunggungipun pinten. Rokok jawa dipunsamektakaken gayut kalihan *kemampuan* saking tiyang ingkang badhe nglampahi tradhisi, amargi sesajen menika namung

dados simbol utawi lambang bilih tiyang gesang kedah emut kalihan asal-usulipun mliginipun tlatah Jawi.

16. Padupan

Padupan inggih menika salah satunggaling sesajen ugi ingkang dipunsamektakaken kangge Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Padupan menika saking dupa ingkag sampun dipunyalakake saha sampun dipunpasang wonten papanipun. Padupan menika gadhah teges ingkang gayut antawisipun manungsa saha Gusti. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

> *"Padupan artinya selain untuk wewangian saat dupa dinyalakan asap ke atas merupakan lambang doa kita akan menuju kepada Tuhan. Selain itu padupan juga digunakan sebagai perantara kita untuk meminta maaf kepada Tuhan karena kita setelah memebuka mata dalam sehari dan sebelum menutup mata kita melakukan sesuatu bahasa lainnya melakukan dosa dan kita wajib untuk minta maaf kepada Tuhan sesuai kepercayaannya masing-masing."(CLW: 03)*

Kramanipun :

> *"Padupan menika tegesipun saliyane kangge wewangen ugi dipunginakaken kangge perantara nalika badhe munjukaken donga dening Gusti. Asap dupa ingkang minggah menika lambang bilih donga sampun minggah dumateng Gusti. Kajaba semanten, padupan ugi dipunginakaken kangge perantara manungsa nyuwun pangapura dening Gusti. Amargi setuggal dinten wiwit mbikak paningal dugi badhe sare, manungsa kathah ngampahi pandamelan utawi nglampahi dosa. Pramila, sedaya tiyang gesang kedah nyuwun pangapura dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos."(CLW: 03)*

Andharan saking pratelan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih sedaya tiyang gesang menika mesthi gadhah pangajab saha dosa. pramila padupan menika minangka sesajen ingkang dados lambang bilih sedaya manungsa kedah nyuwun pangapura saha kedah dedonga kalihan Gusti Ingkang Maha Kuwaos supados sedaya kalepatan saha pangjabipun saged dipunjabah. Padupan ingkang

*asap*-ipun mara wonten nginggil dipunpitadosi menawi sedaya donga kalawau tumuju marang Gusti.



Gambar 33. Padupan
Sumber: *doc.* Afrinka

17. Jenang Pancawarna saha Jenang Abang Putih

Sesajen ingkang pungkasan inggih menika jenang pancawarna sahajenang abang putih. Jenang menika gadhah makna utawi teges ingkang beda-beda. Jenang pancawarna sahajenang abang putih dipunsamektakaken kangge sesajen ing malem tirakatan saderengipun Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu dipunlampahi. Teges saking jenang pancawarna saha jenang abang putih menika gayut kalihan pagesangan tiyang Jawi.

Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 03.

*"Jenang abang putih merupakan lambang dari pada asal usul kita. Jenang pancawarna itu disiapkan karena kita melakukan tradhisi di lingkungan bupati, artinya warna putih itu warna dasar dan lambang dari kiblat yang berada di timur. Jenang warna kuning melambangkan kiblat barat. Jenang warna merah melambangkan kiblat kidul. Jenang warna ireng utawi tresna melambangkan kiblat utara. Dan keempat warna dijadikan satu menjadi warna coklat biasane diarani jenang katul, melambangkan waarna teengah utawi kasih. Selain itu makna lainnya dari kelima warna menjadi pasaran utawa dina Jawa. Dina jawa kui legi dari warna putih, pon dari warna kuning, pahing dari warna abang, wage dari warna ireng, dan kliwon dari warna coklat utawa jenang katul."(CLW: 03)*



Gambar 34. Jenang Pancawarna
Sumber: *doc.* Afrinka

Ingkang dipunkajengaken saking andharan pratelan *informan* 03 inggih menika bilih jenang abang putih menika dados lambang utawi simbol saking asal usul tiyang gesang. Salajengipun jenang pancawarna, amargi tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika dipunlampahi ing wilayah Kabupaten dados kedah wonten jenang pancawarna. Jenang pancawarna menika jenang ingkang gadhah gangsal werni, inggih menika werni pethak, kuning, abrit, cemeng, saha soklat.

Jenang werni pethak menika dados lambang saking kiblat wetan, werni pethak ugi arupi werni dhasar saking sedaya werni menika. Jenang werni kuning dados lambang saking kiblat kilen. Jenang werni abrit lambag saking kiblat kidul. Jenang werni cemeng menika dados lambang saking kiblat ler, werni cemeng menika ugi dipunsebat lambang tresna. Ingkang pungkasan menika jenang saking sekawan werni saderengipun, asring dipunsebat jenang katul ingkang gadhah werni soklat. Jenang werni soklat meenika dados lambang tengah saking sekawan kiblat kala wau, ugi lambang saking kasih.

Salajengipun teges saking jenang pancawarna gayut kalihan pasaranipun tiyang Jawi. Pasaran menika minangka dinten jawa. Dinten jawa wonten gangsal inggih menika, legi, pon, pahing, wage, sahakliwon. Jenang pancawarna ugi dados lambang saking dinten jawa. Jenang werni pethak dados lambang saking pasaran legi. Jenang werni kuning lambang saking dina pasaran pon. Salajengipun jenang werni abrit dados lambang saking pasaran jawa pahing. Jenang werni cemeng lambang saking pasaran wage. Pungkasaning werni wonten jenang katul ingkang gadhah werni soklat dados lambang saking pasaran kliwon. Wonten ing donya menika namung tiyang Jawi ingkang gadhah gangsal dinten. Saking pasaran dinten jawa menika kathah tiyang jawi ingkang pitados bilih badhe ngalampahi adicara utawi hajatan kedah dipunetang migunakaken pasaran supados langkung berkah.

## E. Paedah Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing kabupaten Magetan menika tradhisi ingkang dipunlampahi rutin saben taunipun. Tradhisi menika kawiwitan taun 2002, dipunlampahi saben mapak wulan Sura utawi wulan Muharram. Tradhisi ingkang dipunadani saking pamanggih para seniman, budayawan, saha pemerentah menika gadhah paedah ingkang saged dipunraosaken kalihan masarakat Magetan. Paedah ingkang saged dipunpundhut saking tradhisi menika dipunperang dados sekawan, inggih menika paedah bab sosial, ekonomi, pariwisatala, saha kabudayan. Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi, paedah saking Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Ngraketaken antawisipun Pemerentah saha Masarakat

Tradhisi andum berkah bolu rahayu menika adicara ingkang saged ngraketaken antawisipun pemerentah saha masarakat Magetan. Tradhisi menika mbetahaken panyengkuyunganipun saking sedaya masarakat, awit saking *persiapan* tradhisi dumugi pungkasan. Kanthi dhasar menika tradhisi andum berkah bolu rahayu gadhah paedah antawisipun pemerentah saha masarakat Magetan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 04.

> *“.....setelah itu semua roti bolu dibagikan kepada seluruh warga masyarakat Magetan tanpa terkecuali dan tanpa meminta imbalan dari masyarakat, itu sosialnya dari pemerintah kepada masarakat Magetan. Acara ini juga melibatkan seluruh elemen masarakat utuk ikut serta dala tradhisi.”(CLW: 04)*

Kramanipun:

> *“.... salajengipun roti bolu ingkang dipunpundut pemerentah dipunandum dening sedaya masarakat tanpa nyuwun imbalan, menika nilai sosialipun. Tradhisi andum bolu ugi migunakaken sedaya elemen masarakat*

> *Magetan, pemerintah sahamasarakat sipil gotong royong nyamektakaken tradhisi menika."(CLW: 04)*

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelan *informan* 02.

> *"Dari segi sosial, masyarakat menikmati itu sebagai apresiasi rasa syukur dan apresiasi kebudayaan, karena dengan Adum Bolu Rahayu itu ada nilai-nilai budaya yang ditumbuhkan, dihidupkan, dan dilestarikan."(CLW: 02)*

Kramanipun:

> *"Saking bab sosial, masarakat nikmati tradhisi kangge apresiasi rasa syukur sahaapresiasi kabudayan. Amargi andum berkah bolu rahayu menika wonten nilai-nilai budaya ingkang dipunlestantunaken."(CLW: 02)*

Dados, paedah ingkang saged dipunpundhut saking tradhisi andum berkah bolu rahayu menika dadosaken sedaya *elemen masarakat* Magetan, saking pemerintah dugi masarakat sipil sami sareng-sareng nyengkuyung adicara tradhisi menika.

2. Ngindhakaken *Ekonomi Kerakyatan*

Wonten ing tradhisi andum berkah bolu rahayu ugi gadhah paedah wonten bab ekonomi. Tumrap ing saperangan masarakat Magetan, tradhisi menika dipundadosaken papan kangge sadean. Saking pemerentah piyambak, dipunsamektakaken papan kangge sadeyan masarakat ing sisih wetan alun-alun Magetan. Kangge saperangan masarakat Magetan ingkang gadhah usaha damel roti bolu dados kathah pesenan saking pemerentah kabupaten. Andharan meenika jumbuh kalihan pratelan *informan* 01.

> *"Manfaat untuk ekonomi kerakyatan disana nanti ada orang jualan dan didukung pasar sura yang ada disekelilingnya. Selain itu karena disini itu banyak pabrik pembuat roti bolu dan merupakan salah satu makanan khas dari kabupaten Magetan dapat meningkatkan dari segi ekonomi masyarakatnya."(CLW: 01)*

Kramanipun:

> *"Paedah ekonomi, saged ngindhakaken ekonomi kerakyatan, wonten alun-alun mangkih wonten tiyang sadeyan saha dipunsengkuyung kalihan pasar suro ing sakiwa tengenipun. Kajawi menika, ing kabupaten Magetan kathah pabrik ingkang ndamel roti bolu minangka dhaharan khas Magetan. Kawontenanipun tradhisi mneika pemerentah pesen roti bolu ing sedaya parbik ingkang wonten ing Magetan. dados saged ngindhakaken ekonominipun."(CLW: 01)*

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelan *informan* 02.

> *"…. dari segi ekonomi, mampu menggeliatkan perekonomian warga kabupaten Magetan."(CLW: 02)*

Kramnaipun:

> *"…. saking bab ekonomi, saged ngindhakaken perekonomian warga kabupaten Magetan."(CLW: 02)*

Adhedhasarn pratelan saking *informan*, saged dipunpundhut dudutan bilih kawontenanipun tradhisi andum berkah bolu rahayu gadhah paedah ing bab ekonomi kangge masarakat Magetan. Masarakat Magetan dipunparingi papan kangge sadeyan ing sakiwa tengenipun alun-alun saha masarakat ingkang ndamel roti bolu saged ngindhakaken *perekonomian*-ipun. Kajawi saking menika ing alun-alun Maget ugi wonten pasar malem ingkang saged ngindhakaken APBD kabupaten Magetan.

3. Nepangaken *Potensi Pariwisata*

Tradhisi andum berkah bolu rahayu ugi paring paedah ing bab pariwisata kangge kabupaten Magetan. Andum bolu minangka sarana kangge narik kawigatosanipun wisatawan saking njawi Magetan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 01.

> *"Kalau kita ada event pasti orientasinya ke wisata, dengan adanya wisata ini menarik para wisatawan untuk datang ke Magetan menyaksikan acara kebudayaan."(CLW: 01)*

Kramanipun:

> *"Menawi wonten event ing kabupaten Magetan menika orientasi-nipun mesthi ing wisata, kawontenanipun andum bolu ini narik kawigatosanipun wisatawan supados dhateng wonten Magetan."(CLW: 01)*

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelan *informan* 04.

> *"Dari segi pariwisata, tradhisi ini kan juga untuk mengikat daya tarik wisatawan dari luar daerah untuk datang ke Magetan menyaksikan acara ini."(CLW: 04)*

Kramanipun:

> *"Saking bab pariwisata, paedah tradhisi menika kangge narik kawigatosanipun wisatawan ingkang saking njawi kabupaten Magetan supados dhateng wonten Magetan mirsani adicara menika."(CLW: 04)*

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu minangka sarana nepangaken potensi kabupaten, mlignipun bab kabudayan. Saking tradhisi menika saged narik kawigatosanipin wisatawan supados sami kersa mirsani adicara adat ing Magetan. kejawi menika, tradhisi andum bolu ugi saged dadosaken Magetan langkung dipuntepang dening wisatawan manca menapa dene wisatawan lokal.

4. Nguri-uri Kabudayan Jawi

Tradhisi Andum Berkah Bolu rahayu menika ugi gadhah paedah ing bab kabudayan. Tradhisi menika minangka sarana pemerentah kangge nguri-uri kabudayan Jawi. Kathah masarakat samenika mboten pirsa kalihan tradhisinipun piyambak. Pramila, pemerentah Magetan ndamel tradhisi ingkang saged nguri-uri kabudayan Jawi saha saged narik kawigatosan masarakat supados pirsa kalihan tradhisi kabudayan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan* 02.

> *“.... dari segi seni budaya  yang pertama jelas untuk ajang melestarikan kesenian dan kebudayaan karena secara bersamaan dalam acara ini terdapat tradisi dan kesenian yang mengikuti, disana ada ekspresi berkeseniannya. Kedua, untuk menggali kembali makna-makna seni dan budaya leluhur di kabupaten Magetan.”(CLW: 02)*

Kramanipun:

> *“.... Saking bab seni budaya, ingkang sepisan kangge saranan nglestantunaken kabudayan saha seni, amargi kanthi wekdal ingkang sareng ing adicara menika ngemut nilai tradhisi saha seni. Ingkang kaping kalih, kangge mangertosi malih makna-makna seni saha budaya leluhur ing kabupaten Magetan.*

Andharan ing nginggil dipunsengkuung kalih pratelan *informan* 01.

> *“Tradhisi andum bolu ini kan merupakan ide untuk nguri-*uri *budaya jawa.”(CLW: 01)*

Kramanipun:

> *“Tradhisi andum bolu menika minangka ide kangge nguri-*uri *kabudayan Jawi.”(CLW: 01)*

Adhedhasaran pratelan *informan* wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan menawi tradhisi andum bolu gadhah paedah ing bab kabudayan. Kawontenanipun tradhisi menika saged nepangaken kabudayan Jawi ing sedaya masarakat mliginipun masarakat Magetan. kejawi saking menika, tradhisi ingkang dipunwiwiti taun 2002 ugi taksih dipunlampahi dugi samenika kangge nguri-uri kabudayan saha supados generasi enem mangertosi nilai-nilai kabudayan ing Magetan.

Panaliten menika ngandharaken bab asal-usuling tradhisi, prosesi saha lampahing tradhisi, ubarampe saha makna simbolik, sarta paedah saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Tradhisi menika dipunlampahi saking pamamnggihipun para seniman, budayawan, tokoh agama, saha tokoh masarakat

Magetan ingkang gadhah ancas badhe manggihaken tradhisi jawa wonten salebeting masarakat kanthi cara ingkang beda supados masarakat langkung gayeng anggenipun nyengkuyug tradhisi menika. Tradhisi Andum berkah Bolu Rahayu dipunlamahi mapak tanggal setunggal Sura utawi Muharram amargi gadhah pangajab supados wonten taun salajengipun menika saged pikanthuk karahayon ing pagesangan masrakat Magetan saking Gusti.

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika gadhah ubarampe ingkang utami inggih menika roti bolu. Roti bolu dipunginakaken ing tradhisi amargi ngandharaken salah satunggaling dhaharan *khas* saking Kabupaten Magetan ingkang sampun wonten wiwit jaman rumiyin. Bolu saking Magetan menika gadhah raos ingkang beda kalihan bolu wonten papan sanesipun. Ingkang dados ciri saking bolu Magetan inggih menika raosipun ingkang wonten raos ron jerukipun.

Salajengipun tradhisi menika dipunlampahi kanthi wonten rerangkening adicara. Adicara ingkang sepisan inggih menika pagelaran seni ledhug (lesung saha bedhug) ingkang dipunlampahi wonten ing alun-alun kabupaten Magetan setunggal minggu saderengipun tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu kalampahan. Adicara menika dados lambang bilih masarakat Magetan taksih nguri-uri kabudayan Jawi ingkang dipunlambangaken kalihan lesung ingkang dados piranti utami ing pagelaran seni ledhug menika. Piranti sanesipun ingkang kedah wonten inggih menika bedhug ingkang dados simbol bilih masarakat Magetan ingkang *mayoritas*-ipun ngrasuk agami Islam saged ngurmati saha saged ngrembakakaken budaya Jawi. Adicara salajengipun inggih menika malam

tirakatan dipunlampahi kanthi nyuwun donga dhateng Gusti supados ubarampe ingkang badhe dipunginakaken ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu saged paring karahayon kangge sedaya masarakat Magetan ingkang nyengkuyung tradhisi menika.

Ubarampe-ubarampe ingkang dipunsamektakaken ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika gadhah makna ingkang gayut kalihan pagesanganipun manungsa ing dunya menika. Ubarampe ingkang kedah wonten ing tradhisi inggih menika roti bolu ingkang sapun dipuntata kanthi wujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, saha jodhang. Roti bolu ingkang dipuntata maneka wujud menika gadhah makna piyambak-piyambak gayut kalihan pangajab saking sedaya masarakat Magetan nalika nyuwun donga dhateng Gusti. Ubarampe sanesipun kawastanan sesajen. Sesajen ingkang dipunsamektakaken ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu inggih menika tumpeng panggang lele, sekar telon, sekar konyoh utawi minyak wangi, sekar kalak saha mlathi, takir saha cok bakal, gedhang raja setangkep, degan ijo, tigan tiga kakum ing warih, rokok jawa, padupan, saha jenang pancawarna sarta jenang abang putih. Maneka warna sesajen menika gadhah makna gayut kalihan pagesanganipun sedaya manungsa ing donya. Sesajen dipunsamektakaken kangge perantara nalika nyuwun marang Gusti, tiyang gesang pitados bilih migunakaken sesajen menika donga ingkang dipunsuwun saged tumuju marang Gusti. Nyamektakaken ubarampe saha sesajen menika gadhah pangajab supados sinten kemawon ingkang pikanthuk roti bolus aha ubarampe sanesipun saged pinanggihan karahayon saha keslametan saking Gusti.

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ingkang dipunlampahi wonten alun-alun Magetan menika ugi gadhah maneka warna paedah kangge masarakat Magetan piyambak saha pemerentah. Paedah ingkang sepisan inggih menika saged dadosaken masarakat Magetan sami nyengkuyung saha nguri-uri kabudayan Jawi ingkang wonten ing tlatah jawa mliginipun kabupaten Magetan. Paedah salajengipun saged ngindhakaken ekonomi saking masarakat Magetan mliginipun ingkang damel roti bolu. Saking tradhisi menika ugi saged dadosaken masarakat Magetan saha saking njawi Magetan sami mirsani kabudayan Jawi ingkang dipunuri-uri dening kabupaten Magetan.

# BAB V
# PANUTUP

## A. Dudutan

Panaliten tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu wonten ing kabupaten Magetan menika ngandharaken asal-usul tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, lampahing tradhisi andum Berkah Bolu Rahayu, *makna simbolik* ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu, saha paedahing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Kangge ngandharaken ancasing panaliten, panaliti migunakaken metode panaliten kualitatif supados langkung cetha anggenipun ngandharaken panaliten. Anggenipun ngempalaken data kanthi teknik triangulangi inggih menika, *pengamatan berperan serta*, *wawancara mendalam*, saha kanthi *dokumentasi*. Cara ngesahaken data migunakaken teknik triangulasi sumber saha triangulasi metode, saengga data-data ingkang dipunandharaken ing panaliten awujud data ingkang *valid* saking proses *pengamatan berperan serta, wawancara mendalam* kalihan *informan*, saha kanthi migunakaken *dokumentasi*.

Asal-usul tradhisi Andum Berkah Bolu menika dipunwiwiti taun 2002 saking pamanggihipun para seniman, tokoh agama, pemerentah, saha tokoh masarakat Magetan ingkang gadhah ancas badhe manggihaken tradhisi jawa ingkang wonten ing masarakat menika saged rembaka malih kanthi tata cara ingkang langkung narik kawigatosan supados masarakat *antusias* anggenipun nyengkuyung tradhisi menika. Lampahanipun tradhisi Andum Berkah bolu Rahayu menika wonten ing wekdal mapak wulan Sura. Ananging ing wekdal panaliten menika, tradhisi dipunlampahi dinten Minggu tanggal 9 Oktober 2017,

amargi dipunsarengaken kalihan ambal warsa kabupaten Magetan. Tradhisi menika dipunlampahi wonten ing alun-alun kabupaten Magetan. Prosesi saha *makna simbolik* tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Prosesi

Prosesi utawi lampahaning tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika dipunwiwiti kanthi pandhapuking panawung kridha, cecawis papan, cecawis ubarampe saha sajen, cecawis piranti, pagelaran seni ledhug, malem tirakatan, pecah kendhi pertola, kirab nayaka praja, pasugatan seni, saha andum bolu. Cecawis kanthi pandhapuking panawung kridha papaipun wonten ing *Disparbud* kabupaten Magetan. Dene papan tradhisi Andum Berkah Bolu rahayu wonten ing alun-alun kabupaten Magetan.

Cecawis ubarampe saha sajen ingkang dipunsamektakaken wonten ing tradhisi andum bolu inggih menika roti bolu ingkang awujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, jodhang, gunungan palawija, sesajen tumpeng panggang lele, sekar telon, sekar konyoh utawi minyak wangi, sekar kalak saha mlati, takir saha cok bakal, gedhang raja setangkep, degan ijo, tigan 3 kakum ing warih, rokok jawa, padupan, saha jenang pancawarna sarta jenang abang putih. Salajengipun cecawis piranti ingkang dipunsamektakaken inggih menika kendhi pertola, kreta kencana, saha mobil hias.

2. Makna Simbolik

Makna simbolik saking tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika wonten ing prosesi, cecawis ubarampe, saha cecawis sajen. Makna simbolik saking prosesi, cecawis ubarampe, saha cecawis sajen kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Pagelaran Seni Ledhug

Pagelaran seni ledhug sura menika dipunwontenaken setunggal minggu saderengipun tradhisi dipunlampahi, inggih menika dinten Selasa surya kaping 3 Oktober 2017 wiwit tabuh setunggal siyang ngantos sedasa ndalu. Ledhung minangka cekakan saking tembung lesung saha bedhug. Dipunwontenaken pagelaran seni ledhug menika kangge nguri-uri kabudayan Jawi.

b. Malam Tirakatan

Malem tirakatan menika minangka pratandha bilih adicara tradhisi andum berkah bolu rahayu badhe kalaksanan. Wonten pendhapa sedaya ubarampe ingkang badhe dipunarak kangge tradhisi sampun samekta. Malem tirakatan menika minangka adicara rutin ingkang dipunlampahi ndalu saderengipun tradhisi, ancasipun kangge paring dongo dening sedaya ubarampe mliginipun roti bolu. Roti bolu dipunparingi dongo supados benjing menawi dipunandum dening sedaya masarakat Magetan ngandut karahayon saking Gusti ingkang Maha Kuwaos.

c. Pecah Kendhi Pertola

Pecah kendhi pertola minangka salah satunggaling rerangken ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Adicara menika dipuntindakaken dening Bupati Magetan inggih menika panjenenganipun Bapak Sumantri saha pangarsa saking Dinas Kebudayaan sahaPariwisata. Pecah kendhi pertola gadhah ancas kangge nyuwun dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos supados ing taun salajengipun kabupaten Magetan paring karahayon saha keslametan.

d. Kirab Nayaka Praja

Kirab dipunlampahi dening pangarsa kabupaten Magetan sajajaranipun. Kirab menika kawastanan kirab nayaka praja. Nayaka praja inggih menika pangarsaning negara, panjenenganipun Bapak Bupati sekalihan sarta sajajaranipun. Nalika kirab nayaka praja ingkang dipunbeta inggih menika sedaya wujud roti bolu. Lampahing kirab dipunwiwiti saking ngajeng pendhapa kabupaten mubengi kitha lajeng mandheg wonten ngajeng pendhapa kabupaten malih. Kirab nayaka praja menika gadhah ancas nginguk kawula, tegesipun para pangarsa kabupaten nginguk kahananipun masarakat Magetan.

e. Pasugatan Seni

Pasugatan seni menika adicara ingkang mesthi wonten saben taunipun, minangka rerangkening adicara tradhisi andum berkah bolu rahayu. Kawontenanipun pasugatan seni menika masarakat Magetan saged tepang kalihan seni tradhisional ingkang saestunipun kedah dipunuri-uri.

Beksanipun menika minangka beksan kreasi kanthi irah-irahan beksa jalak lawu, gebyar gunung lawu, saha beksan bandol.

f. Adum Berkah Bolu Rahayu

Lampahing tradhisi ingkang pungkasan inggih andum berkah bolu rahayu. Adicara menika dipunwiwiti kanthi suwanten gamelan dipuntabuh. Bolu ingkang sampun diarak mubeng kitha Magetan dipunbetha mlebet alun-alun. Roti bolu ingkang dipunandum kalihan ingkang dados rayahan menika sampun dipunparingi donga ing malem tirakatan. Andum Berkah Bolu Rahayu menika gadhah makna supados sedaya masarakat Magetan ingkang pikantuk roti bolu saged manggihaken karahayon saha keslametan ing pagesanganipun.

g. Bolu Wujud Lesung, Bedhug, Gong Ageng, Gunungan, Jodhang, saha Gunungan Palawija

Roti bolu inggih menika minangka salah satunggaling ubarampe ingkang kedah dipunsamektakaken ing Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu. Bolu ingkang dipunsamektakaken menika awujud lesung, bedhug, gong ageng, gunungan, saha jodhang. Bolu awujud lesung menika minangka piranti tradhisional negesaken budaya asli Jawi saking para sesepuh. Bedhug negesaken budaya Islami ingkang saged dados setunggal kalihan budaya Jawi. Gong ageng minangka simbol saking gamelan Jawi negesaken lestantunipun seni wonten ing Kabupaten Magetan. Magetan bilih wujud gunungan menika gadhah teges manunggaling cipta rasa budi karsa bebrayan masarakat Magetan dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos.

Jodhang ingkang negesaken menawi masarakat Magetan remen “dana” paring kalihan tiyang sanes utawi tiyang ingkang langkung betahaken. Ingkang pungkasan gunungan palawija dipunsamektakaken kangge ubarampe tradhisi minangka palawija menika ugi kalebet asil bumi saking Magetan. Sami kalihan ubarampe bolu, gunungan palawija ugi dipunparingi donga saderengipun tradhisi supados benjing ingkang pikantuk palawija menika pinanggihan karahayon.

h. Tumpeng Panggang Lele

Tumpeng panggang lele menika gadhah makna supados manungsa menika gadhah manah ingkang lapang, ingkang nrima. Manungsa menika taksih kathah ingkang kawon kalihan dhirinipun piyambak. Kathah manungsa ingkang langkung migunakaken akal pikire tinimbang manah saha rasanipun.

i. Sekar Telon

Sekar telon menika gadhah teges ingkang saged dados piranti kangge sinau dening manungsa. Telon ingkang tegesipun tiga dados lambang bilih tiyang gesang menika wonten tiga perangan ing badanipun. Ingkang sepisan inggih menika guruloka. Guruloka minangka setunggal perangan saking manungsa ingkang mapan wonten ing ndhuwur, tegesipun wonten ing akal pikire. Sedaya manungsa mesthi dipunparingi akal kangge mikir sedaya prakawis ing urip.

j. Sekar Konyoh utawi Minyak Wangi

Sekar konyoh utawi minyak wangi menika gadhah teges sedaya manungsa ingkang badhe nindakaken ibadah utawi nyembah ingkang Maha Kuwaos kedah resik sahawangi. Kawruh bab menika sami dipunsinau dening sedaya masarakat ingkang ngemut agami menapa kemawon.

k. Sekar Kalak saha Mlati

Sekar kalak saha mlati ingkang dipunsamektakaken menika kakum ing warih. Sesajen menika gadhah teges bilih tiyang Jawi kedah emut kalihan leluhur ingkang sampun madekaken tlatah Jawi menika. Para leluhur gadhah peran ingkang wigati ing cikal bakalipun tlatah Jawi menika. Pramila, sedaya tiyang Jawi kedah nguri-uri kabudayan ingkang dipuntilaraken dening para leluhur.

l. Takir saha Cok Bakal

Takir saha cok bakal gadhah teges bilih tiyang gesang menika kedah emut kalihan asal-usulipun saking pundi. Miturut panaliti cok bakal saged dados lambang cikal bakalipun tiyang gesang. Wosing cok bakal wonten ingkang arupi tigan *ayam kampung*, sekar mawar, mlati, kenanga, kanthil, miri, saha lombok. tigan menika dados lambang bilih tiyang gesang asal-usulipun kadas ta tigan. Amargi menawi dipunpirsani saking ngelmu *ilmiah*, tiyang gesang menika asilig saking *pembuahan sel telur* dening kama.

m. Gedhang Raja Setangkep

Gedhang raja setangkep menika negesaken bilih sedaya pangajab manungsa supados saged jodho, saged kabul kalihan *niat*-ipun. Sedaya

pangajab saking manungsa kedah dipunsarengi kalihan pandonga dhumateng Gusti. Cara nyuwun dhumateng Gusti menika beda-beda saben tiyang, wonten ingkang nyuwun kanthi cara langsung ugi wonten ingkang migunakaken piranti ingkang dados simbol panyuwunanipun.

n. Degan Ijo

Degan ijo gadhah makna bilih degan ijo menika dados lambang saking manungsa kangge ngraketaken kalihan Gusti. Toya saking degan minangka lambang saking toya ingkang suci saharesik. Manungsa ingkang badhe nyuwun menapa kemawon dening Gusti badan sahamanahipun kedah suci, resik dupados Gusti remen kalihan *umat*-ipun. Ewadene, werni ijo saking degan menika lambang kangge etiyang ingkang nyembah Gustinipun.

o. Tigan 3 kakum ing Warih

Andharan ing nginggil migunakaken tigan ingkang gunggungipun tiga menika dados lambang utawi simbol menawi manungsa menika nalika lair ing donya sampun gadhah sipat sanghyangan tiga inggih menika antaga, ismaya, saha bhataraguru. Sipat-sipat kala wau gadhah teges bilih saben manungsa wiwit lair sampun mbeta sipat ingkang saged momong tiyang ingkang gadhah sipat angkara murka (antaga), mbeta sipat momong tiyang ingkang gadhah sipat satriya (ismaya), saha momong tiyang ingkang gadhah sipat dewa (bhataraguru). Tigan tiga ingkang kakum ing warih utawi toya menika gadhah teges bilih tiyang ingkang nyamektakaken sesajen menika gadhah manah ingkang anyep saha tentrem.

p. Rokok Jawa

Rokok jawa dados lambang bilih sedaya masarakat Magetan menika asalipun saking tlatah Jawi ingkang taksih mlebet wilayah kerajaan Mataram. Pramila masarakat Magetan kedah mangertosi asal-usulipun kabupaten Magetan supados saged nguri-uri kabudayan Jawi tilaraning para leluhur.

q. Padupan

Padupan gadhah makna bilih sedaya tiyang gesang menika mesthi gadhah pangajab saha dosa. Pramila padupan menika minangka sesajen ingkang dados lambang bilih sedaya manungsa kedah nyuwun pangapura saha kedah dedonga kalihan Gusti Ingkang maha Kuwaos supados sedaya kalepatan saha pangjabipun saged dipunjabah.

r. Jenang Pacawarna saha Jenang Abang Putih

Jenang menika gadhah makna bilih jenang abang putih menika dados lambang utawi simbol saking asal usul tiyang gesang. Salajengipun jenang pancawarna, amargi tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika dipunlampahi ing wilayah Kabupaten dados kedah wonten jenang pancawarna. Jenang pancawarna menika jenang ingkang gadhah gangsal werni, inggih menika werni pethak, kuning, abrit, cemeng, saha soklat. Jenang werni pethah menika dados lambang saking kiblat wetan, werni pethah ugi arupi werni dhasar saking sedaya werni menika. Jenang werni kuning dados lambang saking kiblat kilen. Jenang werni abrit lambag saking kiblat kidul. Jenang werni cemeng menika dados lambang saking kiblat ler, werni cemeng menika ugi dipunsebat lambang tresna. Ingkang pungkasan

menika jenang saking sekawan werni saderengipun, asring dipunsebat jenang katul ingkang gadhah werni soklat. Jenang werni soklat meenika dados lambang tengah saking sekawan kiblat kala wau, ugi lambang saking kasih. Salajengipun teges saking jenang pancawarna gayut kalihan pasaranipun tiyang Jawi. Pasaran menika minangka dinten jawa. Dinten jawa wonten gangsal inggih menika, legi, pon, pahing, wage, saha kliwon.

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ingkang dipunlampahi wonten alun-alun Magetan menika ugi gadhah maneka warna paedah kangge masarakat Magetan piyambak saha pemerentah. Paedah ingkang sepisan inggih menika saged dadosaken masarakat Magetan sami nyengkuyung saha nguri-uri kabudayan Jawi ingkang wonten ing tlatah jawa mliginipun kabupaten Magetan. Paedah salajengipun saged ngindhakaken ekonomi saking masarakat Magetan mliginipun ingkang damel roti bolu. Saking tradhisi menika ugi saged dadosaken masarakat Magetan saha saking njawi Magetan sami mirsani kabudayan Jawi ingkang dipunuri-uri dening kabupaten Magetan.

## B. Implikasi

Implikasi wonten panaliten menika awujud paedah-paedah ing tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu kangge masarakat saha upiya kangge nglestantunaken kabudayan Jawi. Masarakat Magetan gadhah kapitadosan bilih kawontenanipun tradhisi andum bolu saged paring karahayon ing pagesangan. Saking tradhisi menika ugi wonten ubarampe saha sesajen ingkang

dipunsamektakaken minangka sarana kangge nyuwun berkah saha karahayon saking Gusti ingkang Maha Kuwaos.

Mila implikasi saking panaliten kanthi cara praktis inggih menika saged dados sarana nglestantunaken kabudayan Jawi mliginipun tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu ing Kabupaten Magetan. Dene implikasi kanthi cara teoritis saking panaliten menika saged kangge referensi panaliten ingkang jumbuh kalihan tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu.

## C. **Pamrayogi**

Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika saged dadosaken sarana kangge nglestantunaken kabudayan Jawi, lajeng saged ngindhakaken perekonomian masarakat Magetan. Mawi tradhisi menika, pemerentah Magetan gadhah pamanggih kangge nepangaken roti bolu minangka dhaharan *khas* kabupaten Magetan. Tradhisi menika ugi minangka sarana kangge nepangaken potensi pariwisata ing kabupaten Magetan. Masarakat ingkang rawuh ing tradhisi menika ugi saged wisata ing papan pariwisata ing kabupaten Magetan.

Awit saking menika, prelu dipundamel buku kangge *referensi* tumrap panaliten ingkang jumbuh saha saged kangge nambah pangertosan masarakat bab tradhisi kabudayan Jawi mliginipun masarakat Magetan. Kajawi menika, ugi saged dipunginakaken kangge sarana *promosi* pariwisata wonten ing Kabupaten Magetan.

# KAPUSTAKAN


Agus, Bustanuddin. 2006. *Agama dalam Kehidupan Manusia: Pengantar Antropologi Agama.* Jakarta: Perindo.

Arikonto, Suharsini. 2002. *Prosedur Suatu Penelitian, Pendekatan Praktek.* Jakarta: PT Rineka Cipta.

Dinas Kependudukan dan Pencatatan Sipil Kabupaten Magetan. 2017. *Profil Perkembangan Kependudukan Kabupaten Magetan Tahun 2017*. Magetan. Dispendukcapil

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_________________. 2003. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: Narasi

_________________. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_________________. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan.* Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

_________________. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress.

Gulo, W. 2002. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Grasindo.

Herdiyansyah, Haris. 2010. *Metode Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: Salemba Humanika.

Herusatoto. 2001. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa.* Yogyakarta: Hanindita Graha Widia

_________, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa. Yogyakarta*: Ombak.

Koentjaraningrat. 2002. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan.* Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

Koentjaraningrat. 2004. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan.* Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

Poerwadarminto, W.S.S. 1939. *Baoesastra Jawa. Batavia*: J. B. Wolters.

Poerwanto, Hari. 2010. *Kebudayaan dan Lingkungan dalam Perspektif Antropologi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Strauss, Anselm dan Juliet Corbin. 2007. *Dasar-dasar Penelitian Kualitatif.* Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan RnD*. Bandung: Alfabeta.

________. 2016. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan RnD*. Bandung: Alfabeta.

Tim Penyusun. 2016. *Suplemen Panduan Tugas Akhir TAS/ TAKS/ TABS*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

___________. 2017. *Panduan Tugas Akhir TAS/ TAKS/ TABS*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

# LAMPIRAN

*Lampiran* I

# CATATAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 1)

Dinten/ Tanggal : Senen, 18 Desember 2017

Wekdal : 09.00 WIB

Papan : Dinas Kependudukan dan Catatan Sipil Kabupaten Magetan

Topik : *Deskripsi* setting Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu

Deskripsi

1. Kahanan Geografis

Papan upacara tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika wonten alun-alun kabupaten Magetan. Ewadene kabupaten Magetan menika wonten lereng redi Lawu ingkang mapan wonten sisih pucuking kilen propinsi Jawa Timur. Wiyaripun Kabupaten Magetan menika 688,85 $Km^2$ ingkang kaperang dados 28.297,24 Ha menika lemah saben saha 39.587,50 Ha lemah garing. Alun-alun menika dumunung wonten ing sisih ler pendhapa kabupaten Magetan. Tradhisi Andum Berkah Bolu Rahayu menika dipunlampahi saben mapak wulan Sura utawi Muharram. Kabupaten Magetan dipunwatesi dening tlatah kados ing ngandhap menika,

a. Wates sisih kilen inggih menika Kabupaten Karanganyar (Jawa Tengah)
b. Wates sisih ler inggih menika Kabupaten Ngawi
c. Wates sisih kidul inggih menika kabupatene Ponorogo (Jawa Timur) saha kabupaten Wonogiri (Jawa Tengah)
d. Wates sisih wetan inggih menika Kabupaten Madiun saha Kitha Madiun

Tlatah wonten ing kabupaten Magetan menika kaperanag dados 18 kecamatan, 208 desa, saha 27 kelurahan. Dene kecamatan woten ing Kabupaten Magetan inggih menika Kecamatan Barat, Kecamatan Bendo, Kecamatan

Karangrejo, Kecamatan Karas, Kecamatan Kartoharjo, Kecamatan Kawedanan, Kecamatan Lembeyan, Kecamatan Magetan, Kecamatan Maospati, Kecamatan Ngariboyo, Kecamatan Nguntoronadi, Kecamatan Panekan, Kecamatan Parang, Kecamatan Plaosan, Kecamatan Poncol, Kecamatan Sidorejo, Kecamatan Sukomoro, Kecamatan Takeran.

.




Gambar 1. Peta Kabupaten Magetan

Sumber: Google

2. Kahanan Demografi

a. Penduduk

Adhedhasar data saking badan Pusat Statistik Kabupatem Magetan, gungungipun warga wontn ing Kabupaten kaperang dados 349,106 piyantun putri, 336,076 Piyantun kakung. Tabel gungungipun warga kalingal saking yuswanipun kados ing ngandhap menika.

| No. | Kelompok Yuswa | Kakung | Putri | Gunggung |
|---|---|---|---|---|
| 1. | 00-04 | 18,907 | 17,909 | 36,816 |
| 2. | 05-09 | 23,537 | 22,441 | 45,978 |
| 3. | 10-14 | 22,878 | 21,602 | 44,480 |
| 4. | 15-19 | 23,235 | 22,159 | 45,394 |
| 5. | 20-24 | 23,116 | 22,425 | 45,541 |
| 6. | 25-29 | 21,663 | 21,391 | 43,054 |
| 7. | 30-34 | 24,380 | 24,772 | 49,152 |
| 8. | 35-39 | 26,617 | 26,611 | 53,228 |
| 9. | 40-44 | 24,991 | 25,383 | 50,374 |
| 10. | 45-49 | 25,083 | 26,136 | 51,219 |
| 11. | 50-54 | 22,070 | 24,751 | 46,821 |
| 12. | 55-59 | 21,687 | 23,687 | 45,374 |
| 13. | 60-64 | 18,885 | 20,078 | 38,963 |
| 14. | 65-69 | 14,883 | 15,664 | 30,547 |
| 15. | 70-74 | 8,723 | 10,877 | 19,600 |
| 16. | >=75 | 15,421 | 23.220 | 38,641 |
| Jumlah | | 336,076 | 349,106 | 685,182 |

Tabel 1. Jumlah Pendududuk kabupatrn Magetan
Sumber: Dinas Kependudukan dan Catatan Sipil Kabupaten Magetan

b. Padamelan

Padamlan saking masarakat Kabupaten Magetan ingkang nindakaken tradhisi menika meneka warni jinisipun.

| No. | Padamelan | Gunggung |
|---|---|---|
| 1. | Petani/ Pekebun | 85,915 |
| 2. | Wiraswasta | 64,542 |
| 3. | Karyawan Swasta | 19,841 |
| 4. | Buruh Tani/ Perkebunan | 8,584 |
| 5. | Pensiunan | 7,029 |
| 6. | Mengurus Rumah Tangga | 5,724 |
| 7. | TNI/ POLRI | 4,230 |
| 8. | Perdagangan | 4,764 |
| 9. | Buruh Harian Lepas | 1,944 |
| 10. | Guru/ Dosen | 2,065 |
| 11. | Sopir | 1,370 |
| 12. | Pedagang | 3,013 |
| 13 | Perangkat Desa | 2,037 |
| 14. | Lain-lain | 17,752 |
| Jumlah | | 211,058 |

Tabel 2. PadamesahaWarga kabupaten Magetan

